Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы
билим министрлиги

**Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети**
Социал-экономикалық факультети

«Қорғаўға рухсат етилсин»
Факультет деканы
____________ доц. Б.Сеилбеков
«___» ___________ 2012 ж

5340600-«Финанс» бакалавр тәлим бағдарының 4-курс студенти

**Г. Уразбаеваның**

**«Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары»** атамасындағы

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

Студент _________________Уразбаева. Г.
Илимий басшы ________ доцент Баймуратова. З.

«Қорғаўға усыныс етилсин»
«Финанслар» кафедрасы баслығы
_______________доц. С.Байжанов
«___» ___________ 2012 ж

**Нөкис 2012**

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ
Питкериўшиниң қәнигелик жумысын орынлаў бойынша
ТАПСЫРМА

Студент_______________________________________________________________

(ф.и.о.)

Тәлим бағдары:_________________________________________________________

Қәнигелик жумысының темасы________________________________________

_____________________________________________________________________

_____________________________________________________________________

_____________________________________________________________________

Жумыс басшысы_________________________________________________________
(ф.и.о., илимий атағы ҳәм илимий дәрежеси)

Мәсләҳәтши___________________________________________________________
(ф.и.о., илимий атағы ҳәм илимий дәрежеси)

Жумыстың мақсети_____________________________________________________

Орынлаў мүддети

Кирисиў______________________ «____»___________________2012 ж

Тийкарғы бөлим________________ «____»___________________2012 ж

Жуўмақлаў «____»___________________2012 ж

Жумысты таярлаў мүддети «____»___________________2012 ж

Басшы________________________

Мәсләҳәтши___________________

(имза)

Тапсырма берилген сәне__________ «____»___________________2012 ж

Қабыл қылдым___________________ «____»___________________2012 ж

(студенттиң имзасы)

Тема: Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары

Мазмуны:


| | | |
|---|---|---|
| | Кирисиў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 4-8 |
| I-Бап | Финанс системасы ҳәм оның теориялық тийкарлары. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 9-21 |
| 1.1. | Финанс системасының объектив зәрүрлиги ҳәм оның функциялары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 9-15 |
| 1.2. | Финанс қатнасықларының қурамы, формалары ҳәм оларды басқарыў өзгешеликлери. . . . . . . . . . . . . . . . | 16-21 |
| II-Бап | Финанс сиясаты ҳәм оның финанс системасындағы роли. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 22-32 |
| 2.1. | Финанс сиясатының мазмуны ҳәм әҳмийети. . . . . . | 22-26 |
| 2.2. | Финанслық стратегия ҳәм тактика, олардың өз-ара байланысы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 27-30 |
| 2.3. | Финанс механизми ҳәм оның финанс сиясатын әмелге асырыўдағы орны . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 31-32 |
| III-Бап | Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары . . . . . . . . . . . . . | 33-50 |
| 3.1. | Өзбекстан Республикасында базар экономикасы шәраятында финанс сиясатының тийкарғы бағдарлары ҳәм финанс механизминиң әҳмийети. . . | 33-39 |
| 3.2. | Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары ҳәм оның анализи . . . . . . . . . .. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 40-50 |
| | Жуўмақлаў. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 51-56 |
| | Пайдаланылған әдебиятлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . | 57-60 |

## Кирисиў

Финанс – бул мәмлекет тәрепинен экономикалық, жәмийетлик ҳәм сиясый мәселелерди атқарыў ушын мөлжелленген улыўма мәмлекетлик пул фондларын қәлиплестириў ҳәм ислетиў процессинде жүзеге келетуғын пул қатнасықларының жыйындысы болып табылады.

Ҳәр қандай мәмлекеттиң пул дәраматлары ҳәм фондларының тийкарғы материаллық дереги жалпы ишки өним ҳәм оның тийкарғы бөлеги – миллий дәрамат есапланады. Финанс жәрдеминде оның бөлистирилиўи ҳәм қайта бөлистирилиўи әмелге асырылады, сол менен бирге ислеп шығарыў, бөлистириў ҳәм тутыныўға туўрыдан-туўры тәсир көрсетеди.

Мәмлекет финансы менен бир қатарда жергиликли финанслар, бюджеттен тысқары фондлар, мәмлекет кәрханалары финансы раўажланды. Мәмлекетлер-ара аўқамлар финансы киби финанслық қатнасықлар тараўы пайда болды.

Пул фондлары ҳәм усыған сай түрде оларға тийисли финанслық қатнасықлардың түрлилиги олардың дәрежелерге бөлиўди тийкарлайды. Улыўма мәмлекетлик пул фондлары орайластырылған пул фондлары есапланады, қалған барлығы – орайластырылмаған пул фондлары есапланады. Орайластырылған фондлар есабынан жәмийеттиң макро дәрежедеги мәселелердиң шешилиўи тамийинленеди. Бул, ең әўели, улыўма мәмлекетлик әҳмийеттеги зәрүрликти тәмийинлеўге, мәмлекет қорғаныўына, орайлық, мәмлекетлик ҳәм басқарыў органларын сақлаўға, миллий әҳмийетке ийе болған халық хожалығы тармақларын қоллап-қуўатлаўға, айырым аймақлардың социал ҳәм экономикалық раўажланыў дәрежелерин теңлестириўге, қоршаған орталықты қорғаўға, фундаментал излениўлер ҳәм пән-техника прогрессин қоллап-қуўатлаўға жумсалады.

Булардың барлығы финанстың бул басқышта жәмийетлик қайта ислеп шығарыў элементлери – материаллық байлықлар, исши күши ҳәм ислеп

шығарыў қатнасықларының қайта ислеп шығарыўға тәсир қылыўының әҳмийетли қуралларынан бирине айланыўын дәлийллейди.

Конкрет экономикалық ҳәм сиясый шәраятлар, мәмлекеттиң роли ҳәм тәбиятына байланыслы түрде финанс, дерлик бир қыйлы институтларға ийе ҳалда, көбинесе сыпат жағынан түрли мазмунға ийе болады. Мысалы ушын, жақын ўақытқа шекем дүньяда еки сиясый ҳәм экономикалық система әмел қылып келди. Ҳәзирги күнде болса пән-техника раўажланыўы мәмлекетлердиң раўажланыў дәрежесине көре парықланыўды келтирип шығарды. Жоқарыда айтылғанлардан келип шығып, финансқа еле де кеңирек тәрийп бериў мүмкин.

Финанс – бул мәмлекеттиң өз ўазыйпа функцияларын орынлаў ҳәм кеңейтирилген қайта ислеп шығарыў шәраятларын тәмийинлеў мақсетинде орайластырылған ҳәм орайластырылмаған пул фондларын қәлиплестириў процессинде жүзеге келетуғын, мәмлекет тәрепинен шөлкемлестирилетуғын пул қатнасықлары жыйындысы есапланады.

Ҳәр қандай жәмийетте де мәмлекет субъект сыпатында өзине жүклетилген ўазыйпа ҳәм функцияларын орынлаўда финанстан пайдаланады. Усыларды өмирде әмелге асырыў процессинде финанс сиясаты жетекши орынды ийелейди.

Финанс сиясатын ислеп шығыў ҳәм турмысқа енгизиў процессинде мәмлекеттиң алдында турған ўазыйпаларды орынлаўға, жәмийеттиң экономикалық мәплерине тәсир етиў шәрт-шараятлары жаратылады.

Белгили бир мәмлекеттиң финанс сиясаты қатар факторларға: тарийхый шараятлар, экономиканың раўажланыў дәрежеси, сиясый, экономикалық ҳәм социаллық мақсетлер, оларға ерисиў мүддетлери ҳәм ҳәтте миллий үрип-әдетлерге де байланыслы болады. Жәмийетлик өмирдиң эволюцион раўажланыў ҳәм мәмлекет системасының турақлылық дәўиринде мәмлекеттиң финанс сиясаты бар болған жәмийетлик қатнасықларды сақлап қалыў ҳәм өзгертиўге бағдарланған. Революцион өзгерислер дәўиринде

ҳәрекеттеги түзимди тезирек өзгертиўден мәпдар сиясый күшлер оны бузыў ҳәм жаңа жәмийетлик қатнасықлар системасын қәлиплестириўге бағдарланған сиясат алып барады. Финанс сиясаты – бул мәмлекеттиң экономикалық сиясатының қурам бөлеги болып, финанслық ресурсларды (дереклерди) тартыў, оларды бөлистириў, иске салыў ҳәм пайдаланыўға мәмлекет арқалы бағдарланған барлық ис-иләжлар жыйындасы есапланады.

Финанс сиясатының әҳмийетли ўазыйпасы – ол яки бул экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўдың мәмлекет режесин яки ис-иләжларын әмелге асырыў ушын тийисли финанслық ресурслар менен тәмийинлеў болып табылады. Бул сиясат экономикалық сиясатқа байланыслы, бирақ, бул финанслық қатнасықлар тараўында мәмлекеттиң ғәрезсиз ис жүритетуғын тараўы.

Мәмлекеттиң көплеп басқарыў функцияларының жергиликли ҳәм өзин-өзи басқарыў органларына өткерилиўи, салық жүгиниң пәсейтирилиўи нәтийжесинде бюджетке түсимлердиң көбейиўи, мәмлекет бюджети қәрежетлерин оптималластырыў есабынан республикамызда узақ жыллардан бери әмел қылып киятырған бюджет қытшылығының алды алынды, 2006 жылда 0,5 пайыз, 2007 жылда 1,1 пайыз, 2008 жылда 1,5 пайыз, 2009 жылда 0,2 пайыз, 2010 жылда 0,3 пайыз, ал 2011 жылда болса 0,4 пайыз муғдарындағы профицит тәмийинленди[1].

Бул көрсеткишлер мәмлекетимизде алып барылып атырған экономикалық реформалардың, соның ишинде таңлаған финанс сиясатының дурыслығынан дерек береди.

Финанс сиясаты ғәрезсиз болыўы менен бир қатарда мәмлекеттиң сиясатын, ҳәр қандай жәмийетлик искерликти әмелге асырыў ушын социаллық, экономикалық яки халықаралық қатнасықлар шеңберинде әҳмийетли қурал болып табылады.

---

[1] Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың 2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекстанды социал-экономикалық раўажландырыўдың бас бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги «2012 жыл мәмлекетимиз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» атлы баянаты.

Финанс сиясатының нәтийжелилигин белгилеў ушын жәмийеттиң мүтәжлиги қәншелли қанаатландырылғанлығы, қойылған мақсетлер ҳәм ўазыйпалар әмелге асырылғанлығы баҳаланыўы лазым.

Мине булардың барлығы мениң таңлаған Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары» атамасындағы питкериўши қәнигелик жумысымның темасында сәўлеленген болып, базар экономикасы шәраятында финанслық сиясатты туўры таңлаў, сондай-ақ мәмлекеттиң экономикалық сиясатында финанслық сиясаттың әҳмийетлилиги ҳәм актуаллығы менен ажыралып турады.

Питкериўши қәнигелик жумысымның мақсети Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпаларын анализлеў болып табылады. Бул мақсеттен келип шыққан ҳалда төмендеги ўазыйпалар белгиленди:

- Финанс системасы ҳәм оның теориялық тийкарларын үйрениў;
- Финанс сиясаты ҳәм оның финанс системасындағы ролин көрип шығыў;
- Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпаларын изертлеў ҳәм оның ҳәзирги жағдайын анализлеў.

Бул ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде «Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары» атамасындағы питкериў қәнигелик жумысымды төмендеги структурада жаздым. Питкериўши қәнигелик жумысым кирисиў, 3 баптан ҳәм жуўмақлаўдан ибарат болып, соңында пайдаланылған әдебиятлар келтириледи. Жумысымның кирисиў бөлиминде таңлаған темам актуаллығына тоқтадым. Биринши бап «Финанс системасы ҳәм оның теориялық тийкарлары» деп аталып, онда, финанс системасының объектив зәрүрлиги ҳәм оның функциялары, сондай-ақ финанс қатнасықларының қурамы, формалары ҳәм оларды басқарыў өзгешеликлери ҳаққында тоқтап өттим. Екинши бап «Финанс сиясаты ҳәм оның финанс системасындағы роли» деп аталып, онда финанс сиясатының

мазмуны ҳәм әҳмийети ҳәм финанслық стратегия ҳәм тактика, олардың өз-ара байланысы үйрениледи. Ушинши бап «Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары» деп аталып онда экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың бас ўазыйпалары ҳәм оның ҳәзирги жағдайы анализленеди. Жуўмақлаўда изертлеген жумысларымнан келип шығатуғын жуўмақ ҳәм усынıслар келтирилген.

Питкериўши қәнигелик жумысымның предмети экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясат болса, объекти финанслық сиясаттың бас ўазыйпаларын изертлеў болып табылады.

Питкериўши қәнигелик жумысымды жазыў барысында ҳукиметимиздиң мәмлекетимиздеги финанслық сиясат ҳәм оның ўазыйпалары бойынша Қарарларынан, Президентимиздиң доклатларынан, экономист илимпазларымыздың мийнетлеринең ҳәм илмий басшым доцент З. Баймуратованың мәсләҳәтлеринең, сондай-ақ, Интернет материалларынан пайдаландым.

Питкериўши қәнигелик жумысымды жазыўда экономикалык-статистикалық усыллардан, олардан: таблицалық, графиклик, диаграммалық, орташа муғдарлар ҳәм индекслер усылларынан пайдаландым.

# 1-Бап. Финанс системасы ҳәм оның теориялық тийкарлары

## 1.1. Финанс системасының объектив зәрүрлиги ҳәм оның функциялары

Базар қатнасықларына өтиў - ҳәзирги күнде көпшилик мәмлекетлердиң социал-экономикалық раўажланыў дәстүриниң тийкарғы мазмунын қурайды. Базар қатнасықларына өтиў инсанның интеллектуал ҳәм мийнет қәбилетин ашып бериўге, қарамлылықты сапластырыўға, жоғалып кеткен ийелик сезимин қайта тиклеўге имкан береди. Тек ғана базар экономикасы өним ислеп шығарыўшының ҳүкимдарлығын сапластырып, республиканың жүдә үлкен байлықларынан нәтийжели пайдаланыўды тәмийинлей алады.

Усы бағдарда әҳмийетли мәселелерден бири мәмлекет бийлигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў жолы, жаңа пайда болып атырған мәмлекетлик емес, яғный ислеп шығарыў менен шуғылланып атырған ҳәм халыққа хызмет көрсетиўши жеке, акционерлик, коллектив ҳәм басқа кәрханаларды қоллап-қуўатлаў менен аралас, көп тармақлы экономиканы қәлиплестириў болып табылады. Мәмлекетимизде финанслық қатнасықлардың жәмийетлик әҳмийети үлкен. Исбилерменликти раўажландырыў, киши ҳәм орта бизнести пайда етиў, сырт ел мәмлекетлер мене бирге ислесип, инвестицияларды тартыў ҳәм басқалар финанс қатнасықларының туўрыдан-туўры ўазыйпасы есапланады.

«Финанс» түсиниги айырым жағдайларда пул қатнасықларын билдиреди. Бирақ, финанс ҳәм пул бир нәрсени билдирсе, ол жағдайда саўал туўылады: бирдей мазмунға ийе түсиникке не ушын еки ғәрезсиз түсиник бар?

Буның ушын бул категорияның раўажланыў тарийхын көрип шығамыз. «Финанс» термини (ит. Finansia) XII-XV әсирлерде Италияның саўда қалаларында пайда болып, әўели ҳәр қандай пул төлемин билдирген. Кейиншелли бул термин қандай да бир процессти, субъектлер ортасындағы қатнасықларды, анығырағы пул қатнасықларын билдирген ҳәм халықаралық

көлемге жайылған. Лекин оны ислетиў тараўы улыўма мәмлекетлик пул фондларына пул төлемлери менен ғана шегараланған.

Сондай қылып, финанстың тийкарғы белгилери төмендегилерден ибарат:

1. Пул қатнасықлары, яғный пул финанстың бар болыўы ҳәм әмел қылыўының финанслық тийкары есапланады. (пул жоқ жерде финанс ҳәм болмайды).

2. реформалардың бас шөлкемлестириўшиси болып мәмлекеттиң бар екенлиги.

3. Пул қатнасықлары процессинде улыўма мәмлекетлик пул фондларын қәлиплесиў процессии әмелге асырылады. Айтыў мүмкин, финанстың айрықша белгиси оның фондлы характери болып табылады.

4. Бюджетке қаржылардың турақлы түсиўи салықлар, жыйымлар ҳәм басқа төлемлерге мәмлекеттиң мәжбүрий басымы қәсийетин өз-өзинен бермейди ҳәм бул жағдай мәмлекеттиң ҳуқықый-норматив тийкарларын жаратыўға қаратылған искерлиги жәрдеминде ҳәм де буған сай фискал аппараттың жаратылыўы менен тәмийинленеди.

Бул белгилер арқалы финансты барлық пул қатнасықлары жыйындысынан ажыратып алыў мүмкин. Мысал ушын, пухаралар ортасында, пухаралар ҳәм юридик шахс ортасында жүзеге келетуғын пул қатнасықларын пухаралық-ҳуқықый усыл менен тәртипке салынады.

Пул қатнасықларының басқа топары – бул физикалық шахслардың дарамат салығын төлеўи. Бул жерде финанстың барлық белгилери анық қатнасады: салықтың төлениўи пул формасында әмелге асырылады; еки тең ҳуқықлы болмаған субъектлер қатнасады (физикалық шахс ҳәм мәмлекет); мәмлекет бул қатнасықлардың барлық элементлерин анықлап береди, оларды нызам көринисинде рәсмийлестиреди, қадағалаўды әмелге асырады, нызамбузыўшылық ушын жазалар белгилейди. Бул төлемлер нәтийжесинде

улыўма мәмлекетлик пул фонды - мәмлекет бюджетиниң дәраматлар бөлими қәлиплеседи.

Жоқарыда айтылғанлардан келип шығып, финанс қатнасықларына төмендегише тәрийп бериў мүмкин:

Финанс – бул мәмлекет тәрепинен экономикалық, жәмийетлик ҳәм сиясий мәселелерди атқарыў ушын мөлжелленген улыўма мәмлекетлик пул фондларын қәлиплестириў ҳәм ислетиў процессинде жүзеге келетуғын пул қатнасықларының жыйындысы болып табылады.

Бөлистириў процесслери - жәмийеттеги экономикалық қатнасықларының бир бөлеги есапланады. Финанс та экономикалық категория есапланады. Ол қун ҳәрекетиниң әҳмийетли формалары жәрдеминде мәмлекет пул фондларын қәлиплестириў ҳәм ислетиўде сәўлеленеди.

Ҳәр қандай мәмлекеттиң пул дәраматлары ҳәм фондларының тийкарғы материаллық дереги жалпы ишки өним ҳәм оның тийкарғы бөлеги – миллий дәрамат есапланады. Финанс жәрдеминде оның бөлистирилиўи ҳәм қайта бөлистирилиўи әмелге асырылады, сол менен бирге ислеп шығарыў, бөлистириў ҳәм тутыныўға туўрыдан-туўры тәсир көрсетеди.

Сол менен бирге, финанс тарийхый категория да болып табылады. Ол өзиниң пайда болыў, раўажланыў басқышларына ийе, яғный ўақыт даўамында өзгерип барады. Финанстың раўажланыўын еки тийкарғы басқышқа бөлиў мүмкин.

Биринши басқыш – финанстың раўажланбаған формасы. Ол, бириншиден, финанстың ислеп шығарыў емес қәсийети менен характерленеди., яғный пул қаржыларының тийкарғы бөлеги (бюджеттиң 2/3 бөлеги) әскерий мақсетлерге сарпланған ҳәм дерлик финанс экономикаға тәсир өткермеген. Екиншиден, бир бўуыннан қуралған, ҳәм финанслық қатнасықларды шегаралаў муғдарынан, яғный финанс системасы қысқалығы

ҳәм кең қамраўлы емеслигинен. Олардың барлығы бюджетти қәлиплестириў ҳәм ислетиў менен байланыслы болған.

Ҳәзирги ўақытта финанс қатнасықлары сиясый ҳәм экономикалық дизимниң дәрежесине қарамастан өз раўажланыўының екинши басқышына өтти. Бул басқыш финанс системасының көп буўынлылығы, оның экономикаға тәсир дәрежесиниң жоқарылығы ҳәм финанс қатнасықларының ҳәр түрлилиги менен тәрийпленеди.

Мәмлекет финансы менен бир қатарда жергиликли финанслар, бюджеттен тысқары фондлар, мәмлекет кәрханалары финансы раўажланды. Мәмлекетлер-ара аўқамлар финансы киби финанслық қатнасықлар тараўы пайда болды.

Пул фондлары ҳәм усыған сай түрде оларға тийисли финанслық қатнасықлардың түрлилиги оларды дәрежелерге бөлиўди тийкарлайды. Улыўма мәмлекетлик пул фондлары орайластырылған пул фондлары есапланады, қалған барлығы – орайластырылмаған пул фондлары есапланады. Орайластырылған фондлар есабынан жәмийеттиң макро дәрежедеги мәселелердиң шешилиўи тәмийинленеди. Бул, ең әўели, улыўма мәмлекетлик әҳмийеттеги зәрүрликти тәмийинлеўге, мәмлекет қорғаныўына, орайлық мәмлекетлик ҳәм басқарыў органларын сақлаўға, миллий әҳмийетке ийе болған халық хожалығы тармақларын қоллап-қуўатлаўға, айырым аймақлардың социал ҳәм экономикалық раўажланыў дәрежелерин теңлестириўге, қоршаған орталықты қорғаўға, фундаментал излениўлер ҳәм пән-техника прогрессин қоллап-қуўатлаўға жумсалады.

Булардың барлығы финанстың бул басқышта жәмийетлик қайта ислеп шығарыў элементлери – материаллық байлықлар, исши күши ҳәм ислеп шығарыў қатнасықларының қайта ислеп шығарыўға тәсир қылыўының әҳмийетли қуралларынан бирине айланыўын дәлийллейди.

Конкрет экономикалық ҳәм сиясый шәраятлар, мәмлекеттиң роли ҳәм тәбиятына байланыслы түрде финанс, дерлик бир қыйлы институтларға ийе

ҳалда, көбинесе сыпат жағынан түрли мазмунға ийе болады. Мысалы ушын, жақын ўақытқа шекем дүньяда еки сиясый ҳәм экономикалық система әмел қылып келди. Ҳәзирги күнде болса пән-техника раўажланыўы мәмлекетлердиң раўажланыў дәрежесине көре парықланыўды келтирип шығарды. Жоқарыда айтылғанлардан келип шығып, финансқа еле де кеңирек тәрийп бериў мүмкин.

Финанс – бул мәмлекеттиң өз ўазыйпа функцияларын орынлаў ҳәм кеңейтирилген қайта ислеп шығарыў шәраятларын тәмийинлеў мақсетинде орайластырылған ҳәм орайластырылмаған пул фондларын қәлиплестириў процессинде жүзеге келетуғын, мәмлекет тәрепинен шөлкемлестирилетуғын пул қатнасықлары жыйындысы есапланады.

Финанстың мазмуны оның функцияларында сәўлеленеди. Жәмийет раўажланыўының түрли социал-экономикалық басқышларында түрли финанслық система әмел қылады, айырым жағдайларда экономикалық қатнасықларды табыслы объектив сәўлелендиреди, басқа жағдайларда табыссыз, бирақ финанс ҳәр дайым бөлистириў функциясын атқарады.

Финанстың басқа әҳмийетли функциясы қадағалаў болып табылады. Ол бөлистириў функциясы менен өз-ара байланыслы. Финанс қатнасықларының түрли қурамы арасында пул фондларының қәлиплесиўи ҳәм ислетилиўиниң қадағаланыўы менен байланыслы болмаған бирде-бир финанслық қатнасық жоқ.

Финанс жәрдеминде мәмлекет жәмийетлик өнимди натурал-материаллық формада ғане емес, қун формасында да бөлистириўди әмелге асырады. Соннан келип шығып, кеңейтирилген қайта ислеп шығарыў процессинде қун ҳәм натурал-материаллық катнаслардың тәмийинлениўи үстинен қадағалаў мүмкин ҳәм зәрүр болады.

Финанс жәмийетлик өним ҳәм миллий дәраматты қәлиплестириў, бөлистириў ҳәм ислетиўдиң барлық басқышларында қадағалаўды әмелге асырады. Қадағалаўдың бас мақсети жәмийетлик ислеп шығарыўдың

нәтийжелилигин асырыў, халық хожалығының барлық буўынларында жумыстың сыпатын жақсылаў мақсетинде орайластырылған ҳәм орайластырылмаған пул фондларынан мақсетке сай пайдаланыўға ерисиў болып табылады.

Финанстың қадағалаў функциясы кәрханалардың барлық хожалық искерлигинде көринеди. Сум арқалы қадағалаў ислеп шығарыў ҳәм ислеп шығарыў емес қәрежетлер үстинен, бул қәрежетлердиң дәраматларға сай келиўи үстинен, тийкарғы фондлар ҳәм айланба қаржылардың қәлиплесиўи ҳәм ислетилиўи үстинен әмелге асырылады. Бул қадағалаў қаржы айланысының барлық басқышларында – финансластырыў ҳәм кредитлеўде, нақ пулсыз есап-китапларды әмелге асырыўда, бюджет ҳәм финанс системасының басқа буўынлары менен өз-ара байланысларда әмел қылады. Сум арқалы қадағалаў жәрдеминде өним реализациясы процессине, шәртнама бойынша шәртлердиң орынланыўына, рентабелликке, пайдаға, фонд қунына, айланба қаржылар айланыўына тәсир өткереди.

Белгили болғанындай, финанстың жүзеге келиўи ҳәм ҳәрекет етиўиниң әҳмийетли факторы сыпатында товар-пул қатнасықларының бар екенлиги атап өтиледи. Әлбетте, пул қатнасықларының финанс мазмунын ашып бериўдеги әҳмийетли ролин айтып өкен ҳалда оның айырым өзгешелениўин ҳәм усыған тийисли мийзанларды парықлаў лазым. Ырасында да, ҳәр қандай пул қатнасықлары да финанслық қатнасықлар қурамына киритилмейди.

1-сызылма



Финанслық қатнасықлар категориясы мазмунын анықлаўшы кеңейтирилген қайта ислеп шығарыў процессиндеги пул қатнасықлары төмендегилерден ибарат (1-сызылма).

Финанс өзиниң экономикалық мазмунына көре, обектив категория есапланады. Лекин хожалық жүритиў әмелиятында жәмийеттиң социаллық раўажланыў процессине тәсир етиў ушын оннан аңлы түрде пайдаланылады.

## 1.2. Финанс қатнасықларының қурамы, формалары ҳәм оларды басқарыў өзгешеликлери.

Финанслық қатнасықлардың әҳмийетли қурам бөлеги бюджет қатнасықлары есапланады.

Бюджет қатнасықлары деп республика, регионал, ҳәм жергиликли мәмлекетлик органлардың хожалық субъектлери, сондай-ақ, халық пенен орайласқан пул фондларын қәлиплестириў ҳәм ислетиў менен байланыслы финанслық қатнасықларға айтылады.

Өзбекстан Республикасы “Бюджет системасы ҳаққында” ғы нызамында мәмлекет бюджетине төмендегише тәрийп бериледи:

Мәмлекет бюджети - дәрамат дереклери ҳәм олардан түсетуғын түсимлерди нәзерде тутатуғын, сондай-ақ қәрежет көлеми ҳәм бағдары қайсы мақсетлерге ажыратылыўы ҳәм мүддетин көрсетиўши мәмлекеттиң орайласқан (Олий Мажлис тәрепинен қәлиплесиў ҳәм ислетиў режеси тастыйықланған) пул фондлары есапланады.

Финанслық ресурларды бюджет арқалы бирлестириў мәмлекет финанс сиясатын нәтийжели әмелге асырыў имканиятын береди. Бюджет арқалы орайластырылған пул ресурсларын топлаў ҳәм мәмлекет органлары тәрепинен белгиленген мақсетлерге қәрежетлер әмелге асырылады.

Бул бюджет арқалы миллий дәраматтың белгили бөлегин топлаў ҳәм оны қайта бөлистириўди билдиреди. Соның менен бирге финанс системасының бөлистириў функциясы әмелге асырылады.

Республика ҳәм жергиликли мәмлекетлик органлар бюджет қатнасықлары арқалы бөлистирилген миллий дәраматты өз ихтиярына алады ҳәм анық белгиленген мақсетлерге бағдарлайды.

Бюджет финанс ресурсларын керекли тараў ҳәм бағдарларда топлап мәмлекеттиң экономиканы басқарыў ҳәм социаллық сиясатын әмелге асырыў имканиятын береди. Бунда мәмлекет ресурсларының дәрамат бөлеги бойынша қәлиплесиўи, оннан нәтийжели пайдаланыў қадағаланады (финанс

системасының қадағалаў функциясы). Бөлистириў ҳәм қадағалаў функциялары арқалы бюджеттиң экономикалық категория сыпатындағы мазмуны жүзеге шығады. Усы жол менен бюджет мәмлекет дәраматлары ҳәм қәрежетлерин режелестириўши финанслық қатнасықларды билдиреди. Бюджет социал-экономикалық раўажланыўға тәсир етиўши қүдиретли экононимкалық дәстек сыпатында жүзеге шығады.

Мәмлекет бюджети финанс системасының әҳмийетли буўыны сыпатында мәмлекеттиң тийкарғы финанс режесин қураўшы ҳәм пайдаланыўшы улыўма мәмлекетлик пул фонды есапланады. Ол мәмлекетти басқарыўда қатнасатуғын басқа финанслық дәстеклер ишинде ең әҳмийетли орынды ийелейди. Әҳмийетли тәрепи сонда, ол жәмийет дәраматының белгили бөлегин өзинде бириктиреди.

Бюджет қурылысының мазмунын ашып бериўде биз бюджет системасының буўынларын, оны шөлкемлестириў ҳәм басқарыў, Өзбекстан Республикасы мәмлекет бюджетиниң қурамын көрип шығамыз.

Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик бюджети төмендегилерди өз ишине алады:

1. Республика бюджети;
2. Қарақалпақстан Республикасы бюджети ҳәм мәҳәллий бюджетлер;
3. Мәмлекеттиң мақсетли фондларының бюджетлери.

Мәмлекет финансы мәмлекеттиң керекли экономикалық, социаллық ҳәм сиясый функцияларын орынлаў ушын пул қаржылары менен тәмийинлеўге қаратылған финанс системасының әҳмийетли буўыны есапланады. Мәмлекет финансы қурамына төмендегилер киреди:

Мәмлекет бюджети.

Бюджеттен тысқары фондлар.

Мәмлекет кредити.

Мәмлекет кәрханалары финансы.

Санап өтилген ҳәр түрли функционал ўазыйпаларды орынлайтуғын звенолар бойынша мәмлекет экономикалық ҳәм социаллық процесслердиң тармақлы ҳәм аймақлық мәселелериниң шешимлери кең көлемде тәсир көрсетеди.

Мәмлекет финансы қурамында айрықша орынды ийелейтуғын бюджеттен тысқары фондлар тийисли ҳүкимет органларының бюджетине байланыслы болмайды ҳәм ғәрезсиз юридик шахс ҳуқықына ийе. Бюджеттен тысқары фондлар ҳүкимет органлары қабыл қылған нызам шеңберинде пайда етиледи.

Бюджеттен тысқары фондлар – улыўма мәмлекетлик финанстың әҳмийетли бууыны болып, олардың искерлиги қатаң белгиленген, дереклерди пайда етиў жоллары көрсетилген, пул фондлары менен пайдаланыў жолларының тәртиби анықлап берилген, мәмлекет ҳүкиметиниң жоқары органларының тийисли актлери тийкарында өз искерлигин әмелге асырады.

Бюджеттен тысқары фондларды:

Консолидацияланған (бирлестирилген) бюджетке қосылған фондлар;

Консолидацияланған (бирлестирилген) бюджетке қосылмайтуғын фондларға ажыратыў мүмкин.

Функционал тәрепи ҳам басқарыў дәрежесине көре бюджеттен тысқары фондлар ҳәр түрли болады. Олардың функционал тәрепине көре экономикалық ҳәм социаллық фондларға ажыратыў мүмкин. Басқарыў дәрежесине қарап болса улыўма мәмлекетлик, республика ҳәм регионал фондларға бөлиў мүмкин.

Өзгерислерге бай экономикалық шәраят, көбинесе басқарыў қарарларын, усы қатарда финанслық ресурслардың қайта бөлистирилиўинде де тез қарар қабыл қылыў зәрүрлигин белгилеп қояды. Бюджет қаржыларынан пайдаланыўды ҳүкимет органлары нызам тийкарында қатаң тастыйықлап берсе, бюджеттен тысқары фондлар болса орынлаў арқалы

белгиленеди. Нызам тийкарында тастыйықланған бюджет Сенат тәрепинен қадағаланады, бюджеттен тысқары фондлар болса, нызам шығарыўшы органлар тәрепинен қадағаланбайды. Бул да өз гезегинде бюджеттен тысқары фондлардың экономикалық шәраятқа оператив бейимлесиўин тезлетеди.

Бюджеттен тысқары фондларды қәлиплестириўдиң муўапықлығын тәмийинлеўши және бир әҳмийетли фактор – бул бюджет қытшылығы болып табылады. Қәрежетлердиң дәраматтан өсип кетиўиниң күшейиўине финанслық ресурсларды тек ғана излеп табыўда емес, бәлки кәрханалар, шөлкемлер ҳәм халықтан түскен қаржыларды қайта топарлаўды да талап етеди. Сондай-ақ, хожалық жүритиўдиң ҳәм меншиклестириўдиң көп тәрепли формалары, бюджет формалары менен бир қатарда жәмийетте пул қаржыларды қайта бөлистириўдиң жаңа усылларын қоллаў зәрүриятын қатаң талап етеди.

Сондай қылып, бюджеттен тысқары фондлар-бул, жәмийеттиң айырым қаржыларын финансластырыў ҳәм комплекс түрде оператив ғәрезсизлик тийкарында жумсаў ушын, мәмлекет арқалы жыйналатуғын финанслық ресурсларды қайта бөлистириў ҳәм пайдаланыў усылы есапланады. Батыс мәмлекетлеринде бундай фондлардың саны 30 дан 80 ге шекем жетеди.

Бюджеттен тысқары фондлар өз мақсетли бағдарлары бойынша экономикалық ҳәм социаллық түрге, басқарыў дәрежесине көре мәмлекетлик ҳәм жергиликли фондларға бөлинеди.

Базар қатасықларын өтиў инсанның дөретиўшилик ҳәм мийнет потенциалын ашық көрсетиўге, қарамлылықты сапластырыўға, жоғалып кеткен ийелик сезимин қайта тиклеўге имкан береди.

Санап өтилген ҳәр түрдеги функционал ўазыйпаларды атқаратуғын звенолар бойынша экономикалық ҳәм социаллық процесслердиң тармақлы ҳәм аймақлық мәселелердиң шешимлери кең көлемде тәсир көрсетеди.

Мәмлекет дәраматларын финанслық жол менен топлаўдың және бир түри-бул мәмлекет заёмларынан, яғный мәмлекет кредитинен келетуғын

дәрамат есапланады. Мәмлекет кредити  бул сондай пул қатнасықлары тәртиби, онда мәмлекет қарыздар болады, ал кредитор болып юридик яки физикалық шахслар шығады.

Мәмлекет кредити биринши мәрте капиталдың дәслепки жамғарылыўы дәўиринде, яғный XVI-XVIII әсирлерде пайда болған еди. Европа ири мәмлекетлериниң әскерий жүрислери арқалы мәмлекет қәрежетлери ғазнаға түсетуғын салықлардан бир қанша көбейип кетти. Қәрежетлерди дәраматлар менен  теңлестириўде мәмлекет кредити дәстек болып хызмет қылған еди.

Ҳәзирги заман раўажланған мәмлекетлеринде болса мәмлекет кредити өзиниң ең жоқары дәрежесине көтерилди, себеби ҳәзир мәмлекетлердиң қәрежетлери өсип бармақта, оны қаплаў ушын мәмлекет дайым салық пенен биргеликте мәмлекет кредитине мүрәжәәт қылады. Әсиресе мәмлекет кредити  киби дәраматлар есабына бюджет жетиспеўшилигин қаплаў процессинде көбирек зәрүрлик сезеди.

Заёмлардың социал-экономикалық мазмуны салықлар киби мәмлекеттиң әҳмийетли финансластырыў дереги есапланады ҳәм мәмлекетлик ғазна мәжбүриятларын сәўлелендиреди. Мәмлекет кредити арқалы алынған қаржылардың тек ғана өзи емес, бәлки олардың пайызлары менен қайтарылып бериў керек, яғный заёмлар, мәмлекеттиң қымбатлы қағазлары сыпатында майданға шығады. Лекин раўажланған мәмлекетлерде кредитти қайтарыў ушын олардың тек ғана бир дереги бар, ол да болса салықтан келетуғын дәраматлар есапланады. Соның ушын заёмлар қаншелли көп шығарылса, оларды қайтарыў ушын соншелли көп салық дәраматлары талап етиледи.

Мәмлекет кредити  менен жеке кредит ортасындағы айырмашылықты түсинип алыў лазым, Мәмлекет заёмлары қанша көп шығарылса, мәмлекеттиң қарыздарлығы сонша өсип барады. Раўажланған мәмлекетлерде мәмлекет қәрежетлери өсип барыўы себепли мәмлекет кредитиниң әҳмийети де аспақта.

Жоқарыда көрсетилген қарызлар тек ғана орайлық, яғный мәмлекет қарызлары есапланады Раўажланған мәмлекетлерде жергиликли ҳүкимет органлары да өз заёмларын шығарады. Бул өз нәўбетинде мәмлекет қарыздарлығын еле де асырады.

Мәмлекет қарызларының бул түрдеги турақлы өсиўи айланыстағы пул ҳәм қымбат баҳалы қағазлардың көбейиўине алып келеди, бул мәмлекет финансына туўрыдан-туўры тәсир көрсетеди. Раўажланған мәмлекетлерде мәмлекет қарызларының, салықлардың, пул эмиссиясының өсип кетиўи биринши нәўбетте социаллық жағдайға тәсир етеди, барған сайын олардың ис ҳақыларының көп бөлегин мәмлекетке, қәрежетлерди қаплаў ушын алыныўына себеп болады.

Раўажланған мәмлекетлердиң қарызлары екиге бөлинеди: ишки ҳәм сыртқы қарызлар. Ири раўажланған мәмлекетлерде ишки қарызлар көп. Сыртқы қарызлардың көп болыўы сол мәмлекетти экономикалық, сиясый тәрептен карам қылып қояды.

# 2-Бап. Финанс сиясаты ҳәм оның финанс системасындағы роли

## 2.1. Финанс сиясатының мазмуны ҳәм әҳмийети

Ҳәр қандай жәмийетте де мәмлекет субъект сыпатында өзине жүклетилген ўазыйпа ҳәм функцияларын орынлаўда финанстан пайдаланады. Усыларды өмирде әмелге асырыў процессинде финанс сиясаты жетекши орынды ийелейди.

Сиясат – бул мәмлекеттиң өз функцияларын ҳәм ўазыйпаларын әмелге асырыўға қаратылған ҳәмме бағдарлар, ис-иләжлар жыйындысы есапланады. Жәмийетлик қатнасықлар тараўларына байланыслы ҳалда ҳәм оны сиясый тәсир көрсетиўши объект деп қарағанымызда – экономикалық ҳәм социаллық, мәдений яки техникалық, финанс яки кредит, ишки яки сыртқы сиясатлар ҳаққында пикир жүритемиз.

Сиясаттың тийкарғы мәниси мәмлекетти басқарыў өнери деген мәнисти аңлатады. Сиясат, сиясый тәсир яки басқарыў үш әҳмийетли элементлерден ибарат болады:

Бириншиден, жәмийеттиң түрмыс дәрежесине тийисли болған ўазыйпалар ҳәм мақсетлер анықланады ҳәм белгиленеди;

Екиншиден, усы анықланған жақын келешектеги ўазыйпалар ҳәм мақсетлерге ерисиў ушын ең қолай, ең жақсы нәтийже беретуғын ис-иләжлар ислеп шығылады;

Үшиншиден, усы анықланған ҳәм белгиленген ўазыйпаларды орынлаў шөлкемлестириледи.

Экономикалық сиясат– хожалық жүритиўдиң принциплери ҳәм формалары, экономиканы раўажландырыў ўазыйпаларын шешиўдеги усыллар, ис-иләжлар ҳәм искерлик жыйындысы есапланады. Экономикалық сиясат жәмийет раўажланыўының түрли басқышларында түрлише болыўы, экономикалық раўажланыў дәрежесине қарап өзгерип турыўы мүмкин. Экономикалық сиясат өз ишине:

- финанс-фискал сиясаты;

- пул-кредит сиясаты;
- инвестиция сиясаты;
- баҳа сиясаты;
- сырткы экономикалық искерлик сиясаты кибилерди алады.

Финанс сиясатын ислеп шығыў ҳәм турмысқа енгизиў процессинде мәмлекеттиң алдында турған ўазыйпаларды орынлаўға, жәмийеттиң экономикалық мәплерине тәсир етиў шәрт-шараятлары жаратылады.

Белгили бир мәмлекеттиң финанс сиясаты қатар факторларға: тарийхый шәраятлар, экономиканың раўажланыў дәрежеси, сиясый, экономикалық ҳәм социаллық мақсетлер, оларға ерисиў мүддетлер ҳәм ҳәтте миллий үрип-әдетлерге де байланыслы болады. Жәмийетлик өмирдиң эволюцион раўажланыў ҳәм мәмлекет системасының турақлылық дәўиринде мәмлекеттиң финанс сиясаты бар болған жәмийетлик қатнасықларды сақлап қалыў ҳәм өзгертириўге бағдарланған. Революцион өзгерислер дәўиринде ҳәрекеттеги түзимди тезирек өзгертиўден мәпдар сиясый күшлер оны бузыў ҳәм жаңа жәмийетлик қатнасықлар системасын қәлиплестириўге бағдарланған сиясат алып барады. Финанс сиясаты – бул мәмлекеттиң экономикалық сиясатының қурам бөлеги болып, финанслық ресурсларды (дереклерди) тартыў, оларды бөлистириў, иске салыў ҳәм пайдаланыўға мәмлекет арқалы бағдарланған барлық ис-иләжалр жыйындысы есапланады.

Финанс сиясатының әҳмийетли ўазыйпасы – ол яки бул экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўдың мәмлекет режесин яки ис-иләжларын әмелге асырыў ушын тийисли финанслық ресурслар менен тәмийинлеў болып табылады. Бул сиясат экономикалық сиясатқа байланыслы, бирақ бул финанслық қатнасықлар тараўында мәмлекеттиң ғәрезсиз ис жүритетуғын тараўы.

Финанс сиясаты ғәрезсиз болыўы менен бир қатарда мәмлекеттиң сиясатын ҳәр қандай жәмийетлик искерликти әмелге асырыў ушын

социаллық, экономикалық яки халықаралық қатнасықлар шеңберинде әҳмийетли қурал болып табылады.

Финанс сиясатының нәтийжелилигин белгилеў ушын жәмийеттиң зәрүрияты қәншелли қанаатландырылғанлығы, қойылған мақсетлер ҳәм ўазыйпалар әмелге асырылғанлығы баҳаланыўы лазым.

Финанс сиясатына баҳа бериў ҳәм оған дүзетиў, қосымшалар киритиў ушын биринши нәўбетте жәмийет зәрүриятын қандыра алатуғын жәмийетлик раўажланыў режесин анықлаў зәрүр. Бул режеде болажақ ҳәм жақын келешекте әмелге асырыў ўақытлары белгиленген ис-иләжлар болыўы лазым. Тек сонда ғана финанс сиясатын ислеп шығыў ҳәм нәтийжели әмелге асырыў ҳәм объектив баҳалаў мүмкин.

Финанс сиясаты – бул финанслық ресурсларды топлаў, оларды мәмлекеттиң өз функция ҳәм ўазыйпаларын әмелге асырыў ушын бөлистириў ҳәм ислетиў форма ҳәм усылларында системалы сәўлелениўши иләжлар жыйындысы болып табылады.

Финанс сиясатының тийкарғы бағдарларынан бири – финанслық ресурслардың имканы бойынша жоқары көлемин анықлаў ҳәм усы дереклер турақлылығы ҳәм үзликсизлигин тәмийинлеў есапланады, себеби финанслық ресурслар потенциалы барлық өзгерислердиң базасы болып табылады. Соның ушын финанс сиясатын анықлаў ҳәм оның стратегик ҳәм тактик тийкарларын ислеп шығыў ушын мәмлекеттиң финанслық жағдайы, финанслық потенциалы, басқаша қылып айтқанда мәмлекеттиң финанслық имканиятының объективлиги ҳаққында анық мағлыўматқа ийе болыў лазым.

Ҳәр қандай жәмийетте мәмлекет өз ўазыйпалары ҳәм функцияларын әмелге асырыў, белгиленген мақсетлерге ерисиў ушын финанстан пайдаланады. Қойылған мақсетлерди әмелге асырыўда финанс сиясаты әҳмийетли роль ойнайды:

- оны ислеп шығыў ҳәм турмысқа енгизиў процессинде жәмийет алдында турған ўазыйпаларды орынлаў ушын шәрт-шараятлар тәмийинленеди;

- финанс сиясатының мазмуны көп тәрепли болып, төмендеги әҳмийетли буўынларды өз ишине алады:

а) финанслық қатнасықларды раўажландырыўдың илимий тийкарланған концепцияларын ислеп шығыў.

Бул концепциялар төмендегилерди үйрениў тийкарында ислеп шығылады:

- экономикалық нызам – қағыйдаларды есапқа алыў;
- хожалық жағдайын ҳәр тәреплеме анализлеў;
- экономиканың буннан кейинги раўажланыў дәрежесин үйрениў;
- халықтың талап ҳам ихтияжларын үйрениў.

б) келешекте ҳәм ҳәрекеттеги финанстан пайдаланыўдың тийкарғы бағдарларын белгилеп алыў; усы тәризде экономикалық сиясатта нәзерде тутылған мақсетлерге ерисиў жолларынан келип шығады, халықаралық факторлар инабатқа алынады ҳәм финанслық ресурсларды еле де көбейтиў имканиятлары көрип шығылады.

в) қойылған мақсет ҳәм ўазыйпаларды әмелге асырыға қаратылған әмелий ис-ҳәрекетлер, ис-иләжлар көриў.

Жоқарыдағы тийкарғы буўынлардың жыйындысы финанс сиясатының мазмунын анықлап береди.

Финанслық сиясат төмендеги ўазыйпаларды орынлайды:

- бириншиден, финанслық ресурслардың көлеми ҳәм олардан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыў. Финанслық сиясат нәзерде тутқан иләжларды, олар менен байланыслы болған қәрежетлердиң реал бар болған финанслық ресурслар менен тәмийинлениўине ерисиў керек. Сондай-ақ, ажыратылып атырған ҳәр бир ресурстан максимал дәрежеде нәтийжеге ерисиўди тәмийинлеў лазым;
- екиншиден, финанслық ресурслардың бөлистириўинде оптимал пропорцияларды белгилеў, олардан рационал пайдаланыў. Финанслық сиясаттың бул ўазыйпасы кәрхана дәраматларының мәмлекет ихтиярына өтиўиниң рационал формаларын белгилеў, халықтың мәмлекет

дәраматларын қәлиплестириўдеги ролин туўры белгилеў, материаллық ҳәм материаллық емес ислеп шығарыў тараўлары ортасындағы бөлистириў пропорциаларын оптималластырыў жоллары менен орынланады;

- үшиншиден, әҳмийетли ҳәм қурамалы ўазыйпа, тийисли финанс механизмин ислеп шығыў, экономикалық сиясат белгилеп берген раўажланыў бағдарларын тәмийинлеў мақсетинде оны жетилистириў.

## 2.2. Финанслық стратегия ҳәм тактика, олардың өз-ара байланысы.

Шешилиўи лазым болған ўазыйпалардың характерине, қурамалылығына ҳәм дәўириниң узақлылығына қарап, финанслық сиясат:

1. Финанслық стратегия.

2. Финанслық тактикаға бөлинеди.

Финанслық стратегия деп кәрхананы финанслық ресурлар менен тәмийинлеў ушын дүзилген тийкарғы реже түрине айтылады Кәрхананың финанслық стратегииясы өз ишине кәрхананың финанслық жағдайының анализин, тийкарғы ҳәм айланба қаржыларды оптималластырыў, дәраматты бөлистириў, нақ пулсыз төлемлерди, салық ҳәм баҳалар сиясатын, қымбат баҳалы қағазлар процессиндеги сиясатты алады.

Финанслық стратегия кәрхананың финанслық имканиятларын, ишки ҳәм сыртқы факторлардың характерин ҳәр тәреплеме итибарға алады. Егер кәрхананың финанслық стратегиясы ресурслар базарында ҳәрекеттеги финанслық-экономикалық имканиятларына жуўап бермесе, ол әўметсизликке ушыраўы мүмкин, яки банкрот болыўы мүмкин. Финанслық стратегия тийкарғы ҳәм оператив болыўы мүмкин.

Тийкарғы финанс стратегиясы деп, кәрхана искерлигин анықлаўшы бюджеттиң ҳәмме басқышында болатуғын өз-ара қатнасықларына, кәрхананың дәраматларын пайда етип оны жумсаўға, зәрүрият муғдарын ҳәм бир жылда финансластырыў дереклерине айтылады.

Оператив финанс стратегиясының тийкарғы финанслық стратегиядан парқы, ол өз ишине жалпы дәраматлардың ҳәм қаржылардың көбейиўин ( ис ҳақы, сатылған өним ушын сатып алыўшылар менен есап-китап қылыў, кредит операцияларынан түсимлер) ҳәм барлық жалпы қәрежетлерди (тәмийинлеўшилер менен есап-китап, ис ҳақы, ҳәмме дәрежедеги бюджетлер ҳәм банклер менен мәжбүриятлар) алады.

Финанслық стратегия – социаллық ҳәм экономикалық стратегияны белгилеп берген узақ келешекке мөлжелленген ҳәм ири масштабтағы

ўазыйпаларды орынлауға қаратылған болып, ол финанс раўажланыўының тийкарғы концепцияларын ислеп шығыў, финанслық қатнасықларды шөлкемлестириў принциплерин белгилеўди нәзерде тутады. Финанслық стратегия узақ мүддетли мақсетлерди таңлаў ҳәм мақсетли программаларды зәрүр финанслық ресурслар менен тәмийинлеў, оларды экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўының тийкарғы бағдарларында бирлестиреди ҳәм нәзерде тутады.

Финанслық тактика – стратегия белгилеп берген ўазыйпаларды жәмийет раўажланыўының конкрет басқышында финанслық қатнасықларды пайда етиў усыллары арқалы әмелге асырады.

Раўажланыўдың ҳәр бир басқышының финанслық стратегиясы объектив экономикалық шәраятты есапқа алыўшы экономикалық стратегияның ўазыйпалары менен белгиленеди. Мәселен, мәмлекет экономикасын базар қатнасықларына өткериўдиң дәслепки басқышында мәмлекет экономикалық сиясатының тийкарғы стратегик мақсетлери төмендегише белгиленеди:

- Социаллық бағдарланған базар экономикасын басқышпа-басқыш қәлиплестириў;
- Көп укладлы экономиканы жаратыў: жеке мүлктиң мәмлекет тәрепинен қорғалыўын тәмийинлеў;
- Кәрханалар ҳәм пухараларға еркинликлер бериў, олардың хожалық искерлигине мәмлекет тәрепинен араласыўында буйрықпазлық усылларынан ўаз кешиў ҳәм хошаметлеў қуралларынан пайдаланыў;
- Экономикада терең структуралық өзгерислерди әмелге асырыў, бәсекилес өнимлерди ислеп шығарыў, дүнья экономикалық системасына қосылып барыў.

Усы экономикалық стратегик ўазыйпаларды әмелге асырыўда төмендеги бағдарларда финанслық тактика ислеп шығылады ҳәм тийисли финанс механизми қәлиплестириледи:

- қатаң финанслық сиясатты әмелге асырыў, мәмлекет бюджети дефицитин иләжи барынша кемейтириў, дотация ҳәм субсидияларды басқышпа-басқыш қысқартып барыў;
- бюджеттен қаржыларды ең зәрүр улыўма мәмлекетлик зәрүрликлер ушын ғана ажыратыў;
- инвестиция кредитларинен кең пайдаланыў;
- салық системасын жетилистириў, бюджет дәраматларының турақлы болып турыўын тәмийинлейтуғын пухта салық сиясатын алып барыў ҳ.т.б.

Финанслық сиясаттың стратегиясы ҳәм тактикасы өз-ара байланыслы. Тактик ўазыйпаларды шешиў ушын стратегия қолай шәрт-шараят жаратады. Тактика болса, экономикалық ҳәм социаллық тараўдағы раўажланыўдың шешиўши шешимлерди ҳәм әҳмийетли мәселелерди анықлап финанслық байланыслылықты пайда етиў формалары ҳәм усылларын өз ўақтында өзгертиў жолы менен стратегия белгилеп берген ўазыйпаларды қысқа мүддет ишинде, ең кем қәрежетлер менен әмелге асырады.

Финанс тактикасы финанслық қатасықларды пайда етиў, финанс ресурсларын өз ўақтында бөлистириўди өз ўақтында өзгертиў жолы менен жәмийет раўажланыўының белгили басқышы ўазыйпаларын шешиўге бағдарланады. Финанслық стратегияның салыстырмалы турақлылығында финанс тактикасы өзгериўшеңлиги менен парықланыўы лазым болып, бул экономикалық шәрт-шараят, жәмийетлик факторлар ҳәм басқалардың ҳәрекетшеңлиги менен шәртленеди.

Финанслық тактика – стратегия белгилеп берген ўазыйпаларды жәмийет раўажланыўының конкрет басқышында финанслық қатнасықларды пайда етиў усыллары арқалы әмелге асырылады.

Финанс сиясатының стратегиясы ҳәм тактикасы өз-ара байланыслы. Стратегия тактик ўазыйпаларды шешиў ушын мақул имканиятларды жаратады. Экономика ҳәм социаллық тараў раўажланыўының шешиўши участкалары ҳәм тийкарғы мәселелерин анықланған ҳалда, тактика финанс

қатнасықларын пайда етиў усыллары, формаларын өз ўақтында өзгертиў жолы менен финанс стратегиясы тәрепинен белгиленген ўазыйпаларды еле де қысқа мүддетлерде, ең кем жоғалтыў ҳәм қәрежетлер менен шешиў имканиятын береди.

## 2.3. Финанс механизми ҳәм оның финанс сиясатын әмелге асырыўдағы орны.

Белгили болғанындай, финанс механизми экономикалық механизминиң әҳмийетли буўыны есапланады. Экономикалық механизм – хожалық искерлигин тәртиплестириўде қолланылатуғын экономикалық қураллар ҳәм усыллардың жыйындысы. Оның бас механизми бул экономикалық хошаметлеў усылы болып табылады.

Финанс механизми түсиниги объектив финанслық қатнасықларды белгили форма ҳәм усыллар жәрдеминде пайда етиўди билдиреди.

Финанс механизми финанслық қатнасықларды пайда етиўдиң түрлери, формалары ҳәм усыллары, оларды муғдары бойынша анықлаў жолларын өз ишине алады. Финанс механизминиң қурамы бир қанша қурамалы болып, оған түрли финанслық қатнасықларға тән элементлер киреди. Оған ең алды менен, финанс нызамшылығы киреди.

Финанс механизми төмендеги қурамлы бөлеклерин өз ишине алады:

а) Финанслық келешекти белгилеў.

б) Финанслық дәстеклер ҳәм қураллары.

в) Финанслық басқарыў усыллары.

2-сызылма.



Келешекти анықлаў – финанс механизминиң тийкарғы бөлеги болып, ол финанслық режелер ҳәм балансларды ҳәм де финанслық көрсеткишлер, норма ҳәм нормативлер системасын өз ишине алады.

Финанслық дәстеклер ҳәм хошаметлеў кураллары – оларға пайданы бөлистириў усыллары, түрли фондларға төлемлер, ажыратпалар, қолланылатуғын жеңилликлер, санкциялар, жариймалар, салықлар, субсидия, субвенция ҳәм санациялар киреди.

Финансты басқарыў – субъектлердиң финанслық қатнасықларды әмелге асырыў, пул ағымы – фондларын пайда етиў, бөлистириў ҳәм нәтийжели ислетиўге тийисли искерликти билдиреди.

Финанс механизминиң қурамында пул фондлары ҳәм төлемлерди муғдар бойынша анықлаў усыллары бөлегиниң өзгериўшең болып, олар кәрханадағы ислеп шығарыў шәрт-шараятларының ҳәм де жәмийет алдында турған ўазыйпалардың өзгериўине қарап тез-тез жаңаланып турады. Мәселен, пул қаржылары фондларының формалары өзгермеген ҳалда, пайданы бөлистириў усыллары бир неше рет өзгереди, салық түрлерине қарай олардың ставкалары, олар бойынша имтиязлар, санкция ҳәм жәрийма киби жаза шаралары, экономикалық талаплары базар талапларына көре тез-тез қайта көрилип, өзгерип турады. Сондай-ақ, бюджетте қолланылатуғын субсидия, субвенция, секрестр ҳәм санация муғдары да өзгерип турады.

## 3-Бап. Экономиканы еркинлестириў шараятында финанслык сиясаттын уазыйпалары

### 3.1. Өзбекстан Республикасында базар экономикасы шәраятында финанс сиясатының тийкарғы бағдарлары ҳәм финанс механизминиң әҳмийети

Өзбекстан салық системасында узақ дәўир даўамында нәтийжели ҳәрекетте болған оборот салығы орнына енгизилген қосымша қун салығы (ҚҚС) ның ставкасыи дәслеп 25% муғдарда, кейиншелик 20, 18% муғдарына түсирилди. Ҳәзирги ўақытта мәмлекеттиң финанслық сиясаты Өзбекстан Республикасы Салық Кодексине ҳәм Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджетиниң ҳәм тийкарғы макроэкономикалық көрсеткишлериниң раўажланыўының прогнозларына муўапық әмелге асырылмақта. Онда ҚҚСның барлық товарлар ушын салық ставкасы 20% муғдарында нан, сүт, гөш ҳәм гөш өнимлери ушын 10% муғдарында белгиленген болып, бул иләж халық ушын зәрүр азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыў мақсетинде қолланылады.

Жақын өтмиште, мәмлекеттиң экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўына тосқынлық еткен финанслық сиясат кемшиликлерин сәўлелендирди. Узақ дәўирлер даўамында мәмлекеттиң экономикалық раўажланыўында финанс ҳәм актив финанслық сиясаттың әҳмийетине жетерлише баҳа берилмеди. Экономикада финанслық қатнасықлардың әҳмийетин бузып көрсетиў жүз берди, финанс ҳәм финанслық дәстеклердиң актив әҳмийети бийкарланып, финанслық сиясат талап етилген мәселелерди шешиўге қаратылған зәрүр усылларды ислеп шығыўға уқыпсызлық қылып қалды. Раўажланыўдың узақ дәўирине мөлжелленген үлгили концепциялардың ислеп шығылмағанлығы, кем нәтийже беретуғын, қысқа мүддетли пайда алыўды гөзлеп ислеп шығылған ис-иләжлар экономиканы аўыр жағдайға алып келди.

Өзбекстан ғәрезсизликке ерисип, экономикалық раўажланыўдың базар қатнасықларына өтиўде, жәмийетлик өмирдиң барлық тараўларында болғаны сыяқлы, финанс ҳәм финанслық қатнасықларда да терең реформаларды әмелге асырыўға туўры келди.

Базар экономикасына өтиўдиң биринши басқышында экономикалық стратегия төмендеги ўазыйпаларды орынлаўды нәзерде тутты:

- Административлик- буйрықпазлық системаның ақыбетлерин жеңиў, қарамлылықты сапластырыў, экономиканы турақластырыў;

- Республиканың өзине тән шәраятлары ҳәм белгилерин есапқа алған ҳалда базар қатнасықларының негизлерин қәлиплестириў.

Президентимиз И. Каримов белгилеп берген экономикалық стратегиядан келип шыққан ҳалда, базар экономикасының биринши басқышында финанс ҳәм салық сиясатының биринши дәрежедеги ис-иләжлары ҳәм бас бағдарлары төмендегилерден ибарат:

- Турақлы финанслық сиясатты әмелге асырыў, мәмлекет бюджети дефицитин иләжы барынша кемейтиў, бюджеттен берилетуғын дотация ҳәм субсидиялардың барлық түрлерин басқышпа-басқыш қысқартырып барыў;
- Бюджет қаржыларын дәрамат түскеннен кейин ғана бөлистирилетуғын жолдан барыў, биринши дәрежели, ең зәрүр улыўма мәмлекетлик зәрүрликлер ушын ғана бюджеттен қаржы ажыратыў;
- Халық хожалығы тармақларын, айырым кәрханаларды раўажландырыў ушын бюджеттен қайтарып алмаслықты нәзерде тутып тәмийинлеў әмелиятынан ўаз кешиў, усы мақсетлерде инвестиция кредитларинен кең пайдаланыў;
- Салық системасын жетилистириў, бюджет дәраматларын турақлы түрде төлеп турыўды тәмийинлейтуғын киши ҳәм жеке кәрханалардың, шет ел капиталы қатнасында ислейтуғын ҳәм халық тутыныў товарларын ислеп

шығаратуғын қоспа кәрханалардың раўажланыўын хошаметлейтуғын салық сиясатын алып барыў.

Белгиленген стратегик ўазыйпалар мәмлекеттиң тактик ис-иләжлары тийкарында орынланады. Ҳәзирги күнге келип көпшилик еллерде кризис ақыбетлерин сапластырыў ислери әмелге асырылып атырған бир ўақытта, мәмлекетимизде турақлы экономикалық өсиў жүз бермекте. Жалпы ишки өнимниң өсиў тенденциясы турақласып, 2000-2011 жыллар даўамында 2,1 есе көбейди ҳәм 2011 жылда 8,3% ке жетти.

Салық сиясаты – бул финанс сиясатының бир бөлеги болып, мәмлекет арқалы салықлар шеңберинде ис-иләжлар тәртибин әмелге асырыў болып табылады. Өзбекстан Республикасында ақырғы бир нешше жыллар даўамында салық системасы жетилистирип, жәмийеттин экономикалық өмирине, кәрханалардың, шөлкемлердиң, халық хожалығының интизамына мәмлекет тәрепинен тәсирететуғын күшли дәстекке айланды. Мәмлекет пенен хожалық жүритиўши субъектлер ортасындағы қатнасықлар тийкарынан салық тийкарында алып барылады. Салық қатнасықларын тәртипке салып турыўшы ҳуқықый база жаратылып, жетилистирилип барды.

Салық сиясаты - базар экономикасы шәраятында, экономиканы, пүткил халық хожалығының раўажланыўына мәмлекет арқалы тәсирететуғын әҳмийетли экономикалық дәстек есапланады. Соның ушын, Республикамызда салық сиясатын жетилистириўге ҳәм республиканың салық органларының нәтийжели әмел қылыўын шөлкемлестириў ушын үлкен әҳмийет берилмекте.

Жақын өтмиште салық органлары финанс органларының бир бөлеги болып хызмет қылар еди. Лекин, базар экономикасының талапларының ҳәм салық сиясатының әҳмийетиниң өсип барыўын, жәмийетлик ислеп шығарыўдың раўажланыўын салық арқалы тәртипке салыўды инабатқа алып, "Өзбекстан Республикасының салық органлары нызамы" тийкарында салық органлары ғәрезсиз мәмлекет салық комитети қайта дүзилди ҳәм оған төмендеги ўазыйпалар жүклетилди:

- мәмлекет бюджетине ҳәм басқа фондларға бағдарланған салықлардың ҳәм төлемлердиң туўрылығын есаплаў ҳәм өз ўақтында төлениўин қадағалаў;
- салық төлеўшилерди, салыққа тартылатуғын объектти ҳәм халықтан салықларды туўры есаплаўды толық ҳәм өз ўақтында есапқа алыў;
- Өзбекстан Республикасының салық сиясатын реализация қылыўда қатнасыў;
- дәраматларды (пайданы) биле тура жасырыў белгисин анықлап алыў мақсетинде дәслепки сорастырыўды алып барыў, ҳәм де тергеў ҳәм суд органларына әмелдеги салық нызамларын бузыў фактлери тийкарында материалларды жибериў.

Салықларды алыў механизми Өзбекстан Республикасының Салық кодекси ҳәм Министрлер Кабинетиниң қарарлары тийкарында Финанс Министрлиги ҳәм Мәмлекетлик салық комитети ислеп шыққан бағдарламалар ҳәм басқа норматив ҳүжжетлер менен тәртипке салынады.

Финанслық сиясаттың қурамы көп буўынлардан ибарат, атап айтқанда:

3-сызылма

| |
|---|
| Финансты раўажландырыў ушын илимий тийкарланған илимий концепциялар ислеп шығарыў |
| Финанстан ҳәрекеттеги ҳәм перспектив дәўирлерде пайдаланыў ушын тийкарғы бағдарларды анықлаў |
| Алдыға қойылған мақсетлерге ерисиў ушын әмелий иләжларды орынлаў |

Жоқарыда көрсетилген үш тийкарғы буўынның бирлиги финанслық сиясаттың мазмунын ашып береди.

Финанслық режелестириўдиң объекти болып хожалық субъектлери ҳәм мәмлекеттиң финанслық искерлиги есапланады. Ҳәр бир хожалық субъекти финанслық режени дүзеди, яғный бул айрықша шөлкемниң смета

қәрежетлеринен баслап мәмлекеттиң жыйма финанс балансына шекем қамрап алатуғын әҳмийетли процесс есапланады.

Ҳәр қандай финанс режесинде белгили бир дәўирге мөлжелленген ҳәм де финанс ҳәм кредит системасы менен байланыслы болған дәрамтлар ҳәм қәрежетлер анықланады.

Улыўма алғанда финанс системасының барлық тараў ҳәм буўынларынын искерлигинен келип шығып, финанслық режелер дүзиледи. Мәселен: коммерция тийкарында ис жүритип атырған хожалық субъектлери дәраматлар ҳәм қәрежетлер балансы, коммерциялық емес шөлкемлер болса смета қәрежетлери көринисинде реже дүзеди.

Финанслық режелестириўдиң анық ўазыйпаларын финанс сиясаты анықлап береди. Олар қурамына төмендегилер киреди: режели тапсырмаларды орынлаў ушын зәрүр болған финанслық ресурслар муғдары ҳәм олардың дереклери; қәрежетлерди кемейтириў ҳәм дәрамат резервлерин асырыўды анықлаў; орайласқан ҳәм орайласпаған фондлар ортасындағы бөлистириўлердиң оптимал жолларын излеп табыў ҳәм басқалар.

Экономиканы буйрықпазлық басқарыў шәраятында финанслық режелестириў директив белгиге ийе болып, дәўир талабына сай ийилиўшенлик қәсийетке ийе емес еди. Режелестиў 5 жыллық, 20 жыллық көринислерге ийе еди. Ҳәтте, 1 жыллық режелестириў бар болса да, ол жоқарыдағы директив режелестириўден келип шығар еди. Финанслық режелестириўде тийкарғы орын бөлистириўге қаратылса, базар экономикасында тийкарынан алмастырыўға қаратылған. Себеби, алмастырыўда товарлар ҳәм ислеп шығарыўға кеткен қәрежетлер көринеди. Сондай қылып, базар экономикасы шәраятында финанслық режелестириўдиң тийкарғы ҳәм бас экономикалық көрсеткишлери болып товар ҳәм хызметлерди ислеп шығыў ҳәм сатыў механизинде қатнасатуғын пул, баҳа, қун, талап ҳәм усыныс нызамы бирлестириледи.

Базар экономикасы финанслық режелестириўди бийкарламайды. Бирақ, базар қатнасықлары режели экономикаға қарағанда реелестириўди бейимлесиўшең, яғный дәўир талабына масласып өзгертип барады. Финанслық режелестириў бир нешше услыбларға таянған ҳалда әмелге асырылады. Солардан тийкарғылары болып төмендегилер есапланады:

1. Экстраполяция усылы;

2. Норматив усылы;

3. Математик моделлестириў усылы.

Экстраполяция усылының мазмуны сонда, өткен есабат дәўириниң финанслық нәтийжелеринен жуўмақ шығарып келеси есабат жылы ушын финанслық режени дүзиўди нәзерде тутады.

Норматив усылда, белгиленген норма ҳәм нормативлерден пайдаланыў нәзерде тутылады. Мәселен: бюджет шөлкемлеринде 1-класста неше бала оқыўы лазым, санаторияда қанша жай болыўы керек ҳ.т.б.

Математик моделлестириў усылында тийкарынан, финанслық моделлестириўди реал экономикалық ҳәм жәмийетлик процесслерге таянған ҳалда дүзилиўин белгилеп береди.

Финанслық сиясат инсан искерлигиниң арнаўлы формасы сыпатында баслы категориялар қатарына киреди. Ол менен жәмийеттиң экономикалық базасы арасында тығыз байланыс бар. Бир тәрептен, финанслық сиясат экономикалық қатнасықлар арқалы жүзеге келеди, екинши тәрептен, экономикалық базис тийкарында жүзеге келип ҳәм раўажланып, финанслық сиясат белгили бир ғәрезсизликке ийе. Соның ушын ол экономикаға, финанстың аҳўалына ҳәр қыйлы тәсир көрсетеди. Бул тәсир: бир ўақытларда сиясый ис-иләжларды өткериў арқалы экономиканың раўажланыўына қолай шәрт-шараят жаратылады, басқаларда болса ол тосқынлық қылады. Финанслық сиясат финанслық қатнасықлар мазмунын өзгерте алмайды. Лекин, мәмлекет финанстың мазмунын билип, оны өз мәплерине қаратыўға ҳәрекет қылады.

Финанслық қатнасықлар – объектив турақлылық, экономикалық қатнасықлардың бир бөлеги болып, жәмийеттиң экономикалық базасын қурайды. Финанслық сиясат болса базиске тийкарланады ҳәм усы базистен келип шығады. Финанслық сиясат илимий тийкарланған финанслық теорияға таянады ҳәм тәжирийбеге көрсетпе береди, усы арқалы финанслық сиясат теорияны тәжирийбе менен байланыстырады. Тәжирийбе болса теорияның туўры екенлигин тексериў мийзаны болып есапланады.

## 3.2. Экономиканы еркинлестириў шәраятында финанслық сиясаттың ўазыйпалары ҳәм оның анализи

Ғәрезсизликтен соң миллий экономиканы қайта қурыў ушын оны қурамлы жаңалаў жолы таңланды ҳәм импорт орнын басыўшы өнимлерди мәмлекетимиздиң өзинде ислеп шығарып, импортқа қарамлылықты әдеўир қысқартыў; экспортқа мөлжелленген өнимлерди көплеп ислеп шығарыў; мәмлекетимиздиң халықаралық базардағы бәсекилесиў потенциалын асырыў; Өзбекстандағы шийки зат ресурсларын терең қайта ислеп, тутыныўға таяр өнимлерди көбейтиў киби қатар бағдарларда қурамлы өзгерислер әмелге асырылды.

Мәмлекет экономикасының қурамлы дүзилиси қәлиплесиўинде оның тәбийий ресурс потенциалы, географик жайласыўы, ислеп шығарыў күшлериниң раўажланыў дәрежеси усаған факторлар зәрүр әҳмийетке ийе болса да, оны өзгертиў ҳәм жетилистириўде мәмлекеттиң қурамлы сиясаты шешиўши роль ойнайды.

Экономикалық реформалардың ҳәзирги басқышында қурамлы өзгерислер сиясаты:

- мәмлекет экономикасының диверсификацияласыў дәрежесин көтериў, яғный ислеп шығарылып атырған товарлар ҳәм хызметлер номенклатурасын кеңгейтиў, ЖИӨ, экспорт киби көрсеткишлерде айрықша өним яки өнимлер топарының үстинлик қылыўды сапластырыў;

- сыртқы базарлардағы конъюнктура өзгерислерине кем тәсиршең болған тармақлар ҳәм тараўлардың ЖИӨ ҳәм бәнтликтеги үлесиниң жоқары болыўын тәмийинлеў;

- таяр өним ислеп шығарыўшы, сондай-ақ, экспорт қылыўшы кәрхана ҳәм тармақлардың шийки зат ҳәм аўысық бөлеклер менен тәмийинлеўде жергиликли кәрханалар үлесиниң үстинлигине ерисиў;

- жоқары технологиялар ҳәм заманагөй техника менен қуралланған, арзан ҳәм сыпатлы, сыртқы базарда биймәлел бәсекиге кирисе алатуғын товарлардың санаат ислеп шығарыўы көрсеткишлериндеги үлесин асырыў;

- конъюнктура өзгерислерине тез бейимлесиўши, капитал сыйымы пәс болған тараў ҳәм тармақлардың жалпы экономикалық көрсеткишлердеги салмағын асырыўға ерисиў бағдарларында алып барылмақта[2].

4-сызылма.

**Мәмлекет экономикасындағы қурамлы дүзилисиниң түрлери**

| | |
|---|---|
| Экономиканың тармақ қурамы (усыныс бойынша) | Айрықша тармақлардың ЖИӨдеги үлеси көринисинде анықланады |
| Экономиканың аймақ қурамы | Айрықша аймақлардың ЖИӨдеги үлеси көринисинде анықланады |
| Экономиканың қайта ислеп шығарыў ҳәм функционал қурамы (усыныс бойынша) | Тутыныў қәрежетлере, жалпы инвестициялар ҳәм сап экспорттың ЖИӨдеги үлеси көринисинде анықланады |
| Социал-экономикалық қурам | Мәмлекет мүлки ҳәм жеке мүлк кәрханалардың ЖИӨдеги үлеси көринисинде анықланады |
| Капиталдың концентрацияласыўы дәрежеси бойынша қурам | Ири ҳәм киши бизнестиң экономикадағы үлеси көринисинде анықланады |

Экономиканың қурамлы дүзилисин жетилистирип барыў, терең қайта исленген, таяр, қосылған қун үлеси жоқары өним ислеп шығарыўшы тармақларды жедел раўажландырыў ҳәм олардың ЖИӨдеги ҳәм де мәмлекет экспортындағы үесин көбейтиў зәрүр әҳмийетке ийе.

Ғәрезсизлик жылларында Өзбекстанда терең қурамлы өзгерислердиң

[2] Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг “Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир” ҳамда “Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир” номли маърузаларини ўрганиш бўйича ўқув-услубий мажмуа. – Тошкент: Иқтисодиёт. - 2010. – 122 б.

әмелге асырылыўы нәтийжесинде республиканың жанылғы-энергетика ресурсларина болған зәрүрияты ишки имканиятлар есабынан толық тәмийинленди. Егер 1990 жылда мәмлекетимизде 2810 мың тонна нефть ҳәм газ конденсаты ислеп шығарылған болса, 2010 жылда бул көрсеткиш 4500 мың тоннаны қурады. (1-диаграмма). Тәбийий газ ислеп шығарыў көлеми де сезилерли дәрежеде өсип, 1990 жылдағы 40761 млн. куб метрден 2010 жылда 61408,2 млн. куб метрге жетти.

1-диаграмма.

Өзбекстанда нефть ҳәм газ ислеп шығарыў көлеминиң өсип барыўы.




Бундай өсиў пәтлери усы өнимлерди шетке экспорт қылыў ҳәм соның есабынан түскен валюта қаржыларына халқымыз ихтияжы ушын зәрүр болған өнимлерди алып келиў имканын берди.

Ғәрезсизлик дәўиринде экономикада жаңа тармақлар – автомобилсазлық, целлюлоза-қағаз, қант-шекер, фармацевтика ҳәм басқа тармақлар жүзеге келди. Республика санаатында жоқары технологияға тийкарланған ҳәм келешеги бар, жаңа машинасазлық, жанылғы-энергетика, химия ҳәм жеңил санаат киби тармақлардың үлеси артып барды. Өзбекстан экономикасының тармақ дүзилисин өзгертиўде жаңа нефть кәнлери, Мыңгбулақ ҳәм

Көкдомалақ кәнлериниң иске түсирилиўи, Бухара нефтьти қайта ислеў заводының қурылыўы, Жаңа Ангрен ҳәм Толимаржан ГРЭСлери қурылысының тезлестирилиўи, металл ислеп шығарыўдың көбетирилиўи зәрүр әҳмийетке ийе болды. Мәмлекетимиз ушын улыўма жаңа болған автомобилсазлық санаатына тийкар салыныўы менен мәмлекетимиз Автотранспорт ислеп шығарыўшылар халықаралық шөлкемине, оның толық ҳуқықлы 33-ағзасы сыпатында қабыл қылынды.

Ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимиз жалпы ишки өним қурамында сезилерли унамлы өзгерислер жүз берди. Жигирма жыллық ғәрезсиз раўажланыўымыз дәўиринде Өзбекстанда жалпы ишки өнимниң өсиўи 3,5 есени, жан басына есаплағада болса 2,5 есени, халықтың реал дәраматларының өсиўи 3,8 есени қурағаны итибарға ылайық.

2008-2010 жылларда, яғный дуньяның көпшилик мәмлекетлеринде экономикалық өсиў темпи сезилерли түрде түсип кеткен, ислеп шығарыў пәсейген бир ўақытта Өзбекстанда жалпы ишки өнимниң өсиў тезлиги 2009 жылда 8,1 пайызды, 2010 жылда 8,5, 2011 жылда бул көрескиш 8,3 пайызға жеткенлиги, ал 2012 жылда болса 8,5 пайыз дәрежесинде болыўы белгилеп берилгенлиги көп ғана халықаралық дүзилмелер, эксперт ҳәм қәнийгелерде үлкен қызығыўшылық оятпақта[3].

Анализ етилип атырған дәўирде жалпы ишки өним қурамында санааттың үлеси 1,7 есе өскен болса, аўыл-хожалық тармағының үлеси дерлик соншаға қысқарды, транспорт ҳәм байланыс тармақларының үлеси 1,5 мәрте, хызметлер тараўының үлеси болса 1,3 мәрте асты. Нәтийжеде жалпы ишки өнимниң 24 пайызы санаат, 18 пайызы аўыл-хожалығы, 7 пайызы қурылыс, 12 пайызы транспорт ҳәм байланыс, 9 пайызы саўда, 23 пайызы басқа хызметлер тармақларына туўры келди.

Өзбекстанда ғәрезсизлик жылларында алып барылған экономикалық

---

[3] Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың 2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекстанды социал-экономикалық раўажландырыўдың бас бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянаты

реформалар, әсиресе, қурамлы өзгерислер тез арада өз нәтийжелерин көрсетти. Атап айтқанда, миллий хожалық экономикалық тәрептен беккемленип, админстратив-буйрықпазлық системасынан мийрас болып қалған бир тәреплеме раўажланыў ҳәм кризис жағдайынан шығарылды; экономиканың турақлы өсиўи тәмийинленди, макроэкономикалық ҳәм финанслық турақлылық беккемленди, экономика ҳәм оның айырым тараўларындағы теңсалмақлық күшейди; базар механизминиң қурамлы бөлимлери орнатылды ҳәм оның инфраструктурасы қәлиплестирилип, раўажландырылды.

Экономикалық реформалар болса өз орнында жәмийеттиң сиясый, социаллық, мәдений ҳәм мәмлекет қурылысы тараўларындағы түп реформалар менен тығыз ҳәм өз-ара байланыслы ҳалда әмелге асырып келинбекте.

Ғәрезсизликке шекем болған дәўирге нәзер таслайтуғын болсақ, бурынғы жеке ҳәкимлик системасы ҳәм оның нәтийжесиз хожалық механизми ақыбетинде республикамыз халық хожалығы изден шыққан дүзилиске, ислеп шығарыўдың пәс техникалық дәрежесине ийе болғанлығы себепли 1990 жылда республикалар аралық саўда айланбасында унамсыз сальдо 3,7 млрд рубльди яки жалпы ишки өнимниң дерлик 11 пайызын қураған еди. Бундай жағдай халықтың турмыс дәрежесиниң пәсейиўине алып келген еди. 1990 жылда ресуплика халқының 70 пайызының жәми дәраматы тирикшилик етиў ушын зәрүр болған ең төменги дәрежеден де пәс еди.

Мәмлекетимиздиң реформалар модели туўры екени ҳәм халқымыздың мәплерине толық жуўап берип атырғанлығы кейинги жылларда экономикамыздың турақлы темпте өсип, жаңа басқышларға көтерилип баратырғанлығы ашық айдын тастыйықланбақта. Өзбекстанда 1996 жылдан баслап экономикалық өсиў тәмийинленип, оның тезлиги 2001-2003 жылларда орташа 4 пайыздан, 2004-2006 жылларда 7 пайыздан, 2007 жылдан баслап орташа 8-9 пайызды қурап келмекте.

Бүгинги күнда Өзбекстан экономикалық өсиў темплериниң жоқарылығы ҳәм турақлылығы бойынша ҒМДА мәмлекетлери арасында жетекши орынлардан бирин ийелеп турыпты. Салыстырып айтқанда, бурынғы СССР аймағындағы айырым мәмлекетлер жалпы ишки өним көлеминиң 1991 жылдағы дәрежесине де еле жеткени жоқ.

Ең баслысы, Президентимиз И.А.Каримов өз баянатларында қайта-қайта атап өткениндей, мәмлекетимиздеги жалпы ишки өнимниң жоқары дәрежеде өсиўи дәстүрий шийки зат тармақлары есабынан емес, дүнья базарындағы қолай конъюнктура ҳәм айырым шийки зат түрлери ҳәм де материаллар баҳасының жоқарылығы есабынан емес, бәлки биринши нәўбетте бәсекиге шыдамлы таяр өнимлер ислеп шығарыў ҳәм де заманагөй хызмет көрсетиў тараўларын жедел раўажландырыўды белгилеп беретуғын терең қурамлы өзгерислер ҳәм ислеп шығарыў нәттийжелилигин асырыў есабынан тәмийинленбекте.

Мәмлекетимиздиң социаллық өмиринде, атап айтқанда, экономика тараўларында еркнилестириў, яғный хожалық жүритиўши субъектлердиң еркинлиги ҳәм экономикалық беккемлилигин, экономикалық искерликтиң базарға тән механизмлериниң нәтийжели әмел қылыныўын тәмийинлеўге қаратылған процесслериниң кең әмелге асырылыўы раўажланыў ҳәм өзгерислерге жаңа күш инәм етеди. Мәмлекеттиң қадағалаўшылық ҳәм басқарыўшылық ўазыйпалары қысқартылып, оның кәрханалардың хожалық искерлигине, биринши нәўбетте, жеке бизнес искерлигине араласыўы шекленди. Хожалық жүритиўши субъектлер искерлигин хошаметлеў, оларға қолай экономикалық шәраят жаратыў мақсетинде салық жүги сезилерли дәрежеда пәсейтирилди. Егер экономикадағы салық жүги 2000 жылда ЖИӨге салыстырғанда 37,1 пайызды қураған болса, 2011 жылда бул көрсеткиш 21,8 пайызға түсти. (2-диаграмма).

2-диаграмма

Өзбекстанда салық жүгиниң өзгериўи динамикасы




Мәмлекеттиң көплеп басқарыў функцияларының жергиликли ҳәм өзин-өзи басқарыў органларына өткерилиўи, салық жүгиниң пәсейтирилиўи нәтийжесинде бюджетке түсимлердиң көбейиўи, мәмлекет бюджети қәрежетлерин оптималластырыў есабынан республикамызда узақ жыллардан бери әмел қылып киятырған бюджет қытшылығының алды алынды, 2006 жылда 0,5 пайыз, 2007 жылда 1,1 пайыз, 2008 жылда 1,5 пайыз, 2009 жылда 0,2 пайыз, 2010 жылда 0,3 пайыз, ал 2011 жылда болса 0,4 пайыз муғдарындағы профицит тәмийинленди[4].

Президентимиз Олий Мажлис палаталарының қоспа мәжлисиндеги баянатында ерисилген жетискенликлер, нәтийже ҳәм табысларға тәрийп берген ҳалда, сондай бир ҳақыйқатты атап өтти, ол да болса, ерисилген бундай табыслар – турақлы раўажланып баратырған экономикаға тийкарланған, ҳуқықый демократик мәмлекет қурыў, инсан, оның мәплери, ҳуқық ҳәм еркинликлери сөзде емес, әмелде жоқары қәдирият дәрежесине

[4] Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың 2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекстанды социал-экономикалық раўажландырыўдың бас бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги «2012 жыл мәмлекетимиз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» атлы баянаты.

көтерилген, дүнья көлеминде абырой-итибар қазанған жәмийет дүзиў бойынша биз өз алдымызға қойған бийик мақсетке қаратылған узақ ҳәм қыйын жолдың бир бөлеги екени айрықша атап өтилди.

Бул жолда биз дус келиўимиз мүмкин болған сондай бир қәўип бар, ол да болса, ерислиген табысларымыз бенен шекленип қалмай, қәтержамлыққа берилиў, реал турмыстан үзилип қалыў қәўипи болып табылады. Бул болса мәмлекетимиз раўажланыўының нәтийжелилиги ҳәм келешегине унамсыз тәсир көрсетиўи мүмкин[5].

Ырасында да, дүнья көлеминде финанслық-экономикалық кризис даўам етип атырған бир шәраятта халықтың пәраўанлығын тәмийинлеў, олардың арзыў-үмитлери жүзеге шығыўы ушын шәрт-шараятлар жаратыў, турмыс дәрежесин көтериў, кем тәмийинленген халық қатламларын социаллық жақтан қорғаў ҳәр қашанғыдан да актуал машқалаға айланбақта.

Президентимиз тәрепинен экономикада қурамлы өзгерислерди еле де тереңлестириў сиясатын даўам еттириў бойынша төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырыўға айрықша итибар қаратылмақта:

- кәрханалар ортасында турақлы кооперация байланысларын орнатыў ҳәм кеңейтиў, ислеп шығарыўды мәҳәллийлестириў тийкарында өним ислеп шығарыўды көбейтиў бойынша ислерди даўам еттириў;

- мәмлекетимизде ислеп шығарылып атырған тутыныў товарлары түрин кеңейтириў ҳәм көлемин асырыў арқалы тутыныў базарын олар мене толдырыў ҳәм турақлылықты тәмийинлеў;

- халыққа хызмет көрсетиў тараўын еле де кеңейтиў, хызмет көрсетиў тараўының ЖИӨдеги үлесин көбейтиў;

- киши бизнести жедел раўажландырыў, усы тараўды қоллап-қуўатлаў бойынша ис-илажларды күшейтириў;

---

[5] «Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси" Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси. / Халқ сўзи газетаси –2010 йил 13 ноябрь.

- сыртқы саўда айланбасы, соның ишинде, экспорттың товар қурамын еле де диверсификация қылыў.

Бул ўазыйпалар комплекс классификацияға ийе болып бир-бирин толтырады ҳәм экономиканың бәсекилеслигин тәмийинлейтуғын ҳәм оның оптимал қурамын қәлиплестириў мақсетине хызмет қылады.

Белгили болғанындай, 2008 жылда глобал финанслық кризис басланған дәслепки ўақыттан баслап-ақ Өзбекстанда Кризиске қарсы иләжлар дәстүри ислеп шығылып, оны изшиллик пенен әмелге асырыў ҳәрекетлери баслап жиберилген еди.

Мәмлекетимиз экономикасын турақлы раўажлландырыў, оның нәтийжели қурамлы дүзилисине ийе болыў ҳәм сол арқалы турақлы экономикалық өсиў темплерине ерисиў ўатанымыз келешеги ҳәм халық пәраўанлығын тәмийинлеўдиң зәрүр шәртлеринен есапланады. Усы мақсетке ерисиў ушын болса, ең алды менен, экономиканың реал секторын раўажландырыў зәрүр болады.

Усыған көре, дүнья жүзлик финанслық-экономикалық кризиси шәраятында экономиканың реал секторы кәрханаларын қоллап-қуўатлаў актуал әҳмийетке ийе болып, республикамызда усы процесс бир қатар тийкарғы бағдарлар бойынша әмелге асырылды.

Әсиресе, реал сектор кәрханаларын қоллап-қуўатлаўда ислеп шығарыўды модернизация қылыў, кооперация байланысларын кеңейтириў, беккем бирге ислесиўди жолға қойыў, мәмлекетимизде ислеп шығарылған өнимлерге ишки талапты хошаметлеў мәселелери айрықша орын туты.

Дәстүр шеңберинде әмелге асырылған және бир әҳмийетли иләж – салық жүгин жеңиллестириў, салыққа тартыў системасын әпиўайыластырыў ҳәм унификация қылыў бойынша хожалық субъектлерин қоллап-қуўатлаў мақсетинде қосымша иләжлар көрилгени болып табылады.

Кейинги он жыл даўамында физикалық шахслардан алынатуғын пайда салығы ставкасы 3,4 есе, микрофирма ҳәм киши кәрханалар ушын бирден-

бир салық төлеми ставкасы 2,1 есе, юридик шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық ставкасы 1,1 есе, бирден-бир социаллық төлем ставкасы 1,6 есе пәсейтирилген. Буның нәтийжесинде мәмлекетимиздеги улыўма салық жүги де жыллар даўамында сезилерли түрде пәсейип бармақта. Егер 1991 жылда республикамиздағы салық жүги 41,2 пайызды қураған болса, 2011 жылда бул көрсеткиш 22 пайызды қурады, яғный дерлик 2 есеге қысқарды.

Кризиске қарсы иләжлар дәстүри шеңберинде экономикалық өсиўди тәмийинлеў, жаңа ис орынларын пайда етиў, бәнтлик мәселесин шешиў, халықтың дәраматлары ҳәм пәраўанлығын асырыўда барған сайын әҳмийетли орын тутып атырған киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти жедел раўажландырыў, хошаметлеў ҳәм қоллап-қуўатлаўға айрықша итибар қаратылды.

Әмелге асырылған ис-иләжлар нәтийесинде киши бизнес субъектлериниң жалпы ишки өнимдеги үлеси 2010 жылда 54 пайызға жетти. Салыстырып айтқанда, бул көрсеткиш 2000 жылда 31 пайызды қураған еди. Бундай нәтийже биринши нәўбетте киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң мәмлекет тәрепинен турақлы қоллап-қуўатланып атырғанлығының нәтийжеси болып табылады.

Мәмлекетимизде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң бундай тез раўажланыўында ең алды менен усы тараў ушын белгиленген салық имтиязлары жетерли дәрежеде хошаметлеўши роль ойнап атырғанлығы есапланады.

Атап айқада, бул бойынша, көпшилик мәмлекетлерде кризис жүз берип атырған бир пайытта, 2009 жылда киши бизнес кәрханалары ушын бирден-бир салық төлеми 8 пайыздан 7 пайызға түсирилиўи, жеке исбилерменлер ушын болса бул салық муғдары орташа 1,3 есе кемейтирилди.

2011 жылда микро фирма ҳәм киши кәрханалар ушын бирден-бир салық төлеминиң ставкасы 2010 жылдағы 7 пайыздан 6 пайызға түсирилиўи, ал

2012 жылда 5 пайызға түсирилиўи киши бизнес субъектлериниң инвестиция искерлигиниң кеңейиўине имкан жаратты.

Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик тараўына бағдарланған кредитлер муғдары 2001-2011 жыллар даўамында 12 есе өсти. Сондай-ақ, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик искерлигиниң жедел раўажланыўында оған хызмет көрсетиўши инфраструктура шөлкелмериниң пайда етилиўи ҳәм хызмет сыпат дәрежесиниң жақсыланып барыўы сезилерли тәсир көрсетти. Бүгинги күнде мәмлекетимизде киши бизнес тараўына оннан артық түрдеги 8 мыңға жақын инфраструктура шөлкемлери хызмет көрсетип, искерлик ушын зәрүр шәрт-шараятлар жаратып бермекте.

## Жуўмақлаў

Финанс сиясаты – бул финанслық ресурсларды топлаў, оларды мәмлекеттиң өз функция ҳәм ўазыйпаларын әмелге асырыў ушын бөлистириў ҳәм ислетиў форма ҳәм усылларында системалы сәўлелениўши иләжлар жыйындысы болып табылады.

Финанслық сиясаттың тийкарғы бағдарларынан бири – финанслық ресурслардың имканы бойынша жоқары көлемин анықлаў ҳәм усы дереклер турақлылығы ҳәм үзликсизлигин тәмийинлеў есапланады, себеби финанслық ресурслар потенциалы барлық өзгерислердиң базасы болып табылады. Соның ушын финанс сиясатын анықлаў ҳәм оның стратегик ҳәм тактик тийкарларын ислеп шығыў ушын мәмлекеттиң финанслық жағдайы, финанслық потенциалы, басқаша қылып айтқанда мәмлекеттиң финанслық имканиятының объективлиги ҳаққында анық мағлыўматқа ийе болыў лазым.

Ҳәр қандай жәмийетте мәмлекет өз ўазыйпалары ҳәм функцияларын әмелге асырыў, белгиленген мақсетлерге ерисиў ушын финанстан пайдаланады. Қойылған мақсетлерди әмелге асырыўда финанс сиясаты әҳмийетли роль ойнайды:

- оны ислеп шығыў ҳәм турмысқа енгизиў процессинде жәмийет алдында турған ўазыйпаларды орынлаў ушын шәрт-шараятлар тәмийинленеди;
- финанс сиясатының мазмуны көп тәрепли болып, төмендеги әҳмийетли буўынларды өз ишине алады:

а) финанслық қатнасықларды раўажландырыўдың илимий тийкарланған концепцияларын ислеп шығыў.

Бул концепциялар төмендегилерди үйрениў тийкарында ислеп шығылады:

- экономикалық нызам – қағыйдаларды есапқа алыў;
- хожалық жағдайын ҳәр тәреплеме анализлеў;
- экономиканың буннан кейинги раўажланыў дәрежесин үйрениў;
- халықтың талап ҳам ихтияжларын үйрениў.

б) келешекте ҳәм ҳәрекеттеги финанстан пайдаланыўдың тийкарғы бағдарларын белгилеп алыў; усы тәризде экономикалық сиясатта нәзерде тутылған мақсетлерге ерисиў жолларынан келип шығады, халықаралық факторлар инабатқа алынады ҳәм финанслық ресурсларды еле де көбейтиў имканиятлары көрип шығылады.

в) қойылған мақсет ҳәм ўазыйпаларды әмелге асырыўға қаратылған әмелий ис-ҳәрекетлер, ис-иләжлар көриў.

Жоқарыдағы тийкарғы буўынлардың жыйындысы финанс сиясатының мазмунын анықлап береди.

Финанслық сиясат төмендеги ўазыйпаларды орынлайды:

- бириншиден, финанслық ресурслардың көлеми ҳәм олардан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыў. Финанслық сиясат нәзерде тутқан иләжларды, олар менен байланыслы болған қәрежетлердиң реал бар болған финанслық ресурслар менен тәмийинлениўине ерисиў керек. Сондай-ақ, ажыратылып атырған ҳәр бир ресурстан максимал дәрежеде нәтийжеге ерисиўди тайийинлеў лазым;
- екиншиден, финанслық ресурслардың бөлистириўинде оптимал пропорцияларды белгилеў, олардан рационал пайдаланыў. Финанслық сиясаттың бул ўазыйпасы кәрхана дәраматларының мәмлекет ихтиярына өтиўиниң рационал формаларын белгилеў, халықтың мәмлекет дәраматларын қәлиплестириўдеги үлесин туўры белгилеў, материаллық ҳәм материаллық емес ислеп шығарыў тараўлары ортасындағы бөлистириў пропорциаларын оптималластырыў жоллары менен орынланады;
- үшиншиден, әҳмийетли ҳәм қурамалы ўазыйпа, тийисли финанс механизмин ислеп шығыў, экономикалық сиясат белгилеп берген раўажланыў бағдарларын тәмийинлеў мақсетинде оны жетилистириў.

Шешилиўи лазым болған ўазыйпалардың характерине, қурамалылығына ҳәм дәўириниң узақлылығына қарап, финанслық сиясат:

1. Финанслық стратегия.

2. Финанслық тактикаға бөлинеди.

Финанслық стратегия деп кәрхананы финанслық ресурлар менен тәмийинлеў ушын дүзилген тийкарғы реже түрине айтылады Кәрхананың финанслық стратегиияcы өз ишине кәрхананың финанслық жағдайының анализин, тийкарғы ҳәм айланба қаржыларды оптималластырыў, дәраматты бөлистириў, нақ пулсыз төлемлерди, салық ҳәм баҳалар сиясатын, қымбат баҳалы қағазлар процессиндеги сиясатты алады.

Финанслық тактика – стратегия белгилеп берген ўазыйпаларды жәмийет раўажланыўының конкрет басқышында финанслық қатнасықларды пайда етиў усыллары арқалы әмелге асырады.

Раўажланыўдың ҳәр бир басқышының финанслық стратегиясы объектив экономикалық шәраятты есапқа алыўшы экономикалық стратегияның ўазыйпалары менен белгиленеди. Мәселен, мәмлекет экономикасын базар қатнасықларына өткериўдиң дәслепки басқышында мәмлекет экономикалық сиясатының тийкарғы стратегик мақсетлери төмендегише белгиленеди:

- Социаллық бағдарланған базар экономикасын басқышпа-басқыш қәлиплестириў;
- Көп укладлы экономиканы жаратыў: жеке мүлктиң мәмлекет тәрепинен қорғалыўын тәмийинлеў;
- Кәрханалар ҳәм пухараларға еркинликлер бериў, олардың хожалық искерлигине мәмлекет тәрепинен араласыўында буйрықпазлық усылларынан ўаз кешиў ҳәм хошаметлеў қуралларынан пайдаланыў;
- Экономикада терең структуралық өзгерислерди әмелге асырыў, бәсекилес өнимлерди ислеп шығарыў, дүнья экономикалық системасына қосылып барыў.

Финанслық стратегия кәрхананың финанслық имканиятларын, ишки ҳәм сыртқы факторлардың характерин ҳәр тәреплеме итибарға алады. Егер кәрхананың финанслық стратегиясы ресурслар базарында ҳәрекеттеги финанслық-экономикалық имканиятларына жуўап бермесе, ол әўметсизликке ушыраўы мүмкин, яки банкрот болыўы мүмкин. Финанслық стратегия тийкарғы ҳәм оператив болыўы мүмкин.

Тийкарғы финанс стратегиясы деп, кәрхана искерлигин анықлаўшы бюджеттиң ҳәмме басқышында болатуғын өз-ара қатнасықларына, кәрхананың дәраматларын пайда етип оны жумсаўға, зәрүрият муғдарын ҳәм бир жылда финансластырыў дереклерине айтылады.

Оператив финанс стратегиясының тийкарғы финанслық стратегиядан парқы, ол өз ишине жалпы дәраматлардың ҳәм қаржылардың көбейиўин ( ис ҳақы, сатылған өним ушын сатып алыўшылар менен есап-китап қылыў, кредит операцияларынан түсимлер) ҳәм барлық жалпы қәрежетлерди (тәмийинлеўшилер менен есап-китап, ис ҳақы, ҳәмме дәрежедеги бюджетлер ҳәм банклер менен мәжбүриятлар) алады.

Финанслық сиясаттың стратегиясы ҳәм тактикасы өз-ара байланыслы. Тактик ўазыйпаларды шешиў ушын стратегия қолай шәрт-шараят жаратады. Тактика болса, экономикалық ҳәм социаллық тараўдағы раўажланыўдың шешиўши шешимлерди ҳәм әҳмийетли мәселелерди анықлап финанслық байланыслылықты пайда етиў формалары ҳәм усылларын өз ўақтында өзгертиў жолы менен стратегия белгилеп берген ўазыйпаларды қысқа мүддет ишинде, ең кем қәрежетлер менен әмелге асырады.

Финанс тактикасы финанслық қатасықларды пайда етиў, финанс ресурсларын өз ўақтында бөлистириўди, өз ўақтында өзгертиў жолы менен жәмийет раўажланыўының белгили басқышы ўазыйпаларын шешиўге бағдарланады. Финанслық стратегияның салыстырмалы турақлылығында финанс тактикасы өзгериўшеңлиги менен парықланыўы лазым болып, бул

экономикалық шәрт-шараят, жәмийетлик факторлар ҳәм басқалардың ҳәрекетшеңлиги менен шәртленеди.

Ғәрезсизликтен соң миллий экономиканы қайта қурыў ушын оны қурамлы жаңалаў жолы таңланды ҳәм импорт орнын басыўшы өнимлерди мәмлекетимиздиң өзинде ислеп шығарып, импортқа қарамлылықты әдеўир қысқартыў; экспортқа мөлжелленген өнимлерди көплеп ислеп шығарыў; мәмлекетимиздиң халықаралық базардағы бәсекилесиў потенциалын асырыў; Өзбекстандағы шийки зат ресурсларын терең қайта ислеп, тутыныўға таяр өнимлерди көбейтиў киби қатар бағдарларда қурамлы өзгерислер әмелге асырылды.

Ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимиз жалпы ишки өним қурамында сезилерли унамлы өзгерислер жүз берди. Жигирма жыллық ғәрезсиз раўажланыўымыз дәўиринде Өзбекстанда жалпы ишки өнимниң өсиўи 3,5 есени, жан басына есаплағада болса 2,5 есени, халықтың реал дәраматларының өсиўи 3,8 есени қурағаны итибарға ылайық.

2008-2010 жылларда, яғный дуньяның көпшилик мәмлекетлеринде экономикалық өсиў темпи сезилерли түрде түсип кеткен, ислеп шығарыў пәсейген бир ўақытта Өзбекстанда жалпы ишки өнимниң өсиў тезлиги 2009 жылда 8,1 пайызды, 2010 жылда 8,5, 2011 жылда бул көрескиш 8,3 пайызға жеткенлиги, ал 2012 жылда болса 8,5 пайыз дәрежесинде болыўы белгилеп берилгенлиги көп ғана халықаралық дүзилмелер, эксперт ҳәм қәнийгелерде үлкен қызығыўшылық оятпақта[6].

Анализ етилип атырған дәўирде жалпы ишки өним қурамында санааттың үлеси 1,7 есе өскен болса, аўыл-хожалық тармағының үлеси дерлик соншаға қысқарды, транспорт ҳәм байланыс тармақларының үлеси 1,5 мәрте, хызметлер тараўының үлеси болса 1,3 мәрте асты. Нәтийжеде жалпы ишки өнимниң 24 пайызы санаат, 18 пайызы аўыл-хожалығы, 7

---

[6] Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың 2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекстанды социал-экономикалық раўажландырыўдың бас бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянаты.

пайызы қурылыс, 12 пайызы транспорт ҳәм байланыс, 9 пайызы саўда, 23 пайызы басқа хызметлер тармақларына туўры келди.

Жоқарыдағы үйренилип шығылған ҳалатлар ҳәм анализленген мағлыўматлардан келип шығып, төмендегилерди усыныс етпекшимиз:

- кәрханалар ортасында турақлы кооперация байланысларын орнатыў ҳәм кеңейтиў, ислеп шығарыўды мәҳәллийлестириў тийкарында өним ислеп шығарыўды көбейтиў бойынша ислерди даўам еттириў;

- мәмлекетимизде ислеп шығарылып атырған тутыныў товарлары түрин кеңейтириў ҳәм көлемин асырыў арқалы тутыныў базарын олар менен толтырыў ҳәм турақлылықты тәмийинлеў;

- халыққа хызмет көрсетиў тараўын еле де кеңейтиў, хызмет көрсетиў тараўының ЖИӨдеги үлесин көбейтиў;

- киши бизнести жедел раўажландырыў, усы тараўды қоллап-қуўатлаў бойынша ис-илажларды күшейтириў;

- сыртқы саўда айланбасы, соның ишинде, экспорттың товар қурамын еле де диверсификация қылыў.

## Пайдаланылған әдебиятлар


1. Өзбекстан Республикасы Конституциясы. – Ташкент: Ўзбекистон, 2010 ж.
2. Өзбекстан Республикасы Салық Кодекси. «Халқ сўзи». 26 декабрь 2007 жыл.
3. Өзбекстан Республикасы Бажыхана Кодекси. Халық сөзи 1998 ж. 3-январь
4. «Бюджет дизими ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамы. «Халық сөзи». 14 декабрь 2000 жыл.
5. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Мәмлекет бюджетине салықлар ҳәм басқа төлемлер бойынша имтиязлар бериў тәртиби ҳаққында»ғы 1999 жыл 26 июнь Пәрманы. Т.: 2000. Адолат.
6. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманы. Пухаралардың Өзбекстан Республикасы коммерциялық банклериндеги аманатларын қорғаў кепилликлерин тәмийинлеўге тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында. 2008 жыл 28 ноябрь, ПП-4056-сан.
7. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманы. Экономиканың реал секторы кәрханаларын қоллап-қуўатлаў, олардың турақлы ислеўин тәмийинлеў ҳәм экспорт потенциалын асырыў ис-иләжлары дәстүри ҳаққында. 2008 жыл 28 ноябрь, ПФ-4058-сан.
8. Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың 2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекстанды социал-экономикалық раўажландырыўдың бас бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги «2012 жыл мәмлекетимиз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» атлы баянаты. Халық сөзи газетасы 2012 жыл 20январь
9. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманы. Экономикалық турақсыз кәрханаларды коммерциялық банклерге сатыў тәртибин тастыйықлаў ҳаққында. 2008 жыл 19 ноябрь, П-4010-сан.

10. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарары. Ислеп шығарыў ҳәм социаллық инфрасруктураны еле де раўажландырыў бойынша қосымша ис-иләжлар ҳаққында. 2009 жыл 20 январь, ПҚ-1041-сан.
11. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетини мәжилиси Қарары. 2008 жылда Республиканы социал-экономикалық раўажландырыў жуўмақлары ҳәм 2009 жылда экономиканы турақлы раўажландырыўдың бас ўазыйпалары ҳаққында. 2009 жыл 13-февраль.
12. Каримов И.А. Мәмлекетти модернизация қылыў ҳәм экономикамызды турақлы раўажандырыў жолында. –Т.: Ўзбекистон, 2008. Т.16. – Б. 206.
13. Каримов И.А. Дүнья жүзлик финанслық-экономикалық кризис, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм иләжлары / И.А.Каримов. – Т:Ўзбекистон, 209. – 56б.
14. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Асарлар, 11-жилд. – Тошкент: “Ўзбекистон”, 2003.
15. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Асарлар, 13–том. Т.: “Ўзбекистон”, 2005.
16. «Мәмлекетимизди модернизация қылыў ҳәм күшли пухаралық жәмийет қурыў– бас мақсетимиз» – Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисиндеги баянаты // Халық сөзи, 2010 жыл 28 январь
17. «Тийкарғы ўазыйпамыз – Ўатанымыз келешеги ҳәм халқымыз пәраўанлығын еле де раўажландырыў». – Президент Ислам Каримовтың 2009 жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2010 жылда социал-экономикалық раўажландырыўдың бас бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисндеги баянаты // Халық сөзи, 2010 жыл 30 январь.
18. Каримов И.А. Мәмлекетимизде демократик реформаларды еле де тереңлестириў ҳәм пухаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы (Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм

Сенаттың қоспа мәжлисиндеги баянаты), «Халық сөзи», 2010 жыл 13 ноябрь (№ 220),
19. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Мәмлекетимизди модернизация қылыў ҳәм күшли пухаралық жәмийет қурыў– бас мақсетимиз» ҳәм де « Тийкарғы ўазыйпамыз – Ўатанымыз келешеги ҳәм халқымыз пәраўанлығын еле де раўажландырыў» атлы баянатларын үйрениў бойынша қолланба. – Ташкент: Иқтисодиёт. - 2010.
20. Абулқосимов Ҳ. Ўзбекистонда иқтисодий ислоҳотлар. –Т.: Akademıya, 2008.
21. «Молия сиёсати, солиқлар ва солиқ солиш». Бухгалтер кутубхонаси тўплами. «Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси». 1998 йил. 4-сон.
22. «Молиявий таҳлил. Бухгалтер кутубхонаси тўплами. 1998 йил 5-сон. «Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси» нашриёти.
23. А.Вахобов, Н.Жумаев, У.Бурханов «Халқаро молия муносабатлари» Т: Шарк,2003
24. Фабоцци Ф. Управление инвестициями. Москва: ИНФРА-М, 2000, 932 с.
25. «Ўзбекистон Республикасида молиявий назорат тизими». Бухгалтер кутубхонаси тўплами. 1998 йил 12-сон. «Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси» нашриёти.
26. Зайналов Ж.Р. Солиқлар ва солиққа тортиш. –С.: Самарқанд кооператив институти, 2002. – 366 б.
27. Маликов Т. Солиққа тортишнинг долзарб масалалари. – Т.: 2000. –76 б.
28. В будущее с новыми технологиями // Uzbekistan today.-2010.-23 сентября. №38.
29. Корнаи Я. Путь к свободной экономике: (Страстное слово в защиту экономических преобразований). М.: Экономика, 1990. – 26-бет.
30. Журнал «Экономический весник Узбекистана» 2007г. №9-10
31. Журнал «Бозор, пул ва кредит» 2010г.№ 03
32. Журнал «Бизнес вестник Узбекистана» 14-апреля 2009г.

Интернет сайтлары:

www.ziyonet.uz

www. Gov.uz

www.soliq.uz

www. mf.uz